



PRIMBON
PARA WALI



NATA DHARMA
ARTATI

3.9

Cet. 2

Javanese primer, prophetic + Javanese
primer

133 9

1721

01

V
2
22

Drimbon

Para Wali

Impunan saka wewedjangané para Wali ing tanah Djawa

TJETAKAN KEDUA



TOKO BUKU „SADU – BUDI” SOLO

Copyright by „Sadu - Budi” Solo

Rp. 27, 50

11575 / 112000

Porto 13 1/2% = Rp. 370
(Maximum Rp. 9—)

P A M B U K A

Impunan Primbon Para Wali iki, ngemot suluk-suluk, wewedjangan lan brekah-brekahé para Wali ing nusa Djawa, kaja ta :

Wedjangané Susuhunan ing Bénang marang Santri Wudjil. Brekahé Susuhunan ing Bénang aran Suluk Dalang lan Wajang, karo Suluk Salat Batin, Wedjangané Susuhunan ing Ampèl. Brekahé Pangéran ing Atasangin. Brekahé Susuhunan Panggungan aran Suluk Malangsumirang.

Uga ngemot Riwayat Wali Sanga, ija iku asal-usulé para Wali ing nusa Djawa kang pada misuwur asmané. Riwayat Kadipatèn lan Masdjid Demak. Bedahé Nagara Madjapahit. Karadjan Islam ing Demak.

Apa manèh ngemot Primbon betuwahé Kangdjeng Susuhunan Kalé Djaga, kang isi golongané ismu Sindung, ismu Djedjer, ismu Ladjer, ismu Pamiraos, Tarèk angudi Rahsaning Sukenja, lan panitiking widji kang bakal dumadi.

Sarta ngemot Kidungan, ija iku Kidung Rumeksa ing Wengi, Kidung Artati, Kidung Angidung Wengi, Kidung ing kadang Mar Marti, lan Donganing Kidungan. Kabèh mau sinartan katerangan surasané kang wigati.

Uga ngemot Djarwané Pralambang ing dalem Kidungan, miturut panemuné Tjèkèl Widyakamawa, tjantrik ing Tédjamaja.

Apa manèh ngemot Pangruwatan Tulak Bilahi, Etung Pasa'atan, Sa'at Nabi lan Sa'at Tatal, sarta Ramal Salaki - Rabi, kang bisa andjawab soal - soalé Salaki - Rabi kang gawat - gawat.

Gunggung - kumpulé impunan Primbon Para Wali iki, ora bakal ngutjiwawni tumrap para maos kang pada ahli surasa.

Surakarta, 20 Desember 1957.

P e n e r b i t

ISI BUKU IKI

Katja:

I.	Wedjangané Susuhunan ing Bénang marang Santri Wudjil	5
II.	Brekahé Susuhunan ing Bénang, Suluk Dalang lan Wajang	11
III.	Uga brekahé Susuhunan ing Bénang, Suluk Salat Batin	15
IV.	Wedjangané Susuhunan ing Ampèl	17
V.	Brekahé Pangéran ing Atasangin	18
VI.	Brekahé Susuhunan Panggung, Suluk Malangsumi-rang	23
VII.	Riwajat Wali Sanga	25
VIII.	Riwajat Kadipatèn lan Masdjid Demak	27
IX.	Bedahé Nagara Madjapahit	29
X.	Karadjan Islam ing Demak	30
XI.	Primbon betuwahé Kangdjeng Susuhunan Kali Djaga	31
	a. Ismu Sindung	31
	b. Ismu Djedjer	33
	c. Ismu Ladjer	36
	d. Ismu Pamiraos	38
	e. Tarèk angudi Rahsaning Sukenja	39
	f. Panitiking widji kang bakal dumadi	41
XII.	Kidungan	42
	a. Kidung Rumeksa ing Wengi	42
	b. Kidung Artati	43
	c. Kidung Angidung Wengi	46
	d. Kidung ing kadang Mar Marti	48
	e. Donganing Kidungan	49
XIII.	Djarwanipun Pralambang ing dalem Kidungan	49
XIV.	Pangruwatan Tulak Bilahi	55
XV.	Etung Pasa'atan	56
XVI.	Sa'at Nabi lan Sa'at Tatal	57
XVII.	Ramal Salaki - Rabi	58
XVIII.	Sastra Wraksaka ija Angka Kalang	72

WEDJANGANE SUSUHUNAN ING BENANG

MARANG SANTRI WUDJIL

Dandanggula

Sang Ratu Wadat ngandika aris, sira Wudjil dèn kaparèng ngarsa, tur dèn asta kekutjiré, sarwi ingelus-elus, tibaning sih ing sabda wadi, lah Wudjil rungokena, ing sasmitaningsun, lamun sira kalebuwa, ing naraka pan ingsun ingkang ngleboni, adja kuwafir sira.

Sigra Wudjil sira asung bekti, matur maring Kang Sinembah ika, sakalangkung panuwuné, sampun inggih Pukulun, leheng dasihipun pun Wudjil, mandjinga ing naraka, pun Wudjil sawegung, pan sami wruhira tjipta, guru lawan ing abdi tan slajèng kapti, apan saéka-praja.

Pèngetingsun marang sira Wudjil, dipun njata urip anèng dunja, adja sabaran ing gawé, kawruhana dèn èstu, sariranta pan dudu djati, kang djati dudu sira, sing sapa kang weruh, ing sarirané prijangga, sasat weruh Pangérané kang sadjati, iku marga utama.

Utamané sarira puniki, ngawruhana sadjatining salat, sembahhjang lawan pudjiné, djatiné salat iku, dudu 'isja dudu mahgerib, sembahhjang aranira, wenangé puniku, lamun aranana salat, pan minangka kembanganing salat daim, ingaran tatakrama.

Sembahhjangé wong kang sampun luwih, lumaku linggih turu asalat, enengé dadi sembahé, nora awektu-wektu, sembahhjangé kang tan udani, kadya anulup gagak, pungluné dèn sawur, manuké masa kenaa, abèn-abèn amangéran 'adam sarfin, sembahé sija-sija.

Sira Wudjil ing ngaurip iki, adja nembah jèn tan katingalan, temahé asor kulané, ing wong kaum puniku, tuwang-tuwang dèn kabektèni, anembah ing brahala, madep maring watu, dèn sidep ana ing kana, Pangérané kaja ana luhur langit, iku sembah kesasar.

Endi kang aran pudji sadjati, amudjija dalu lan rahina, jèn tan kalawan tuduhé, tan sampurna ing laku, lamun sira arsa amudji, dèn wruh ing napasira, mandjing-wetunipun, kang atuduh ananing Hjang, pandjing metu ing napas dipun udani, suksma patang prakara.

Tjatur prakara 'anasir bumi, geni angin lawan toja ika, samana duk panapelé, sifat tjatur puniku, djalal kahar djamal lan kamil, katrapan sifating Hjang, wuwuh lungguhhipun, lampahé mungguh sarira, mandjing metu dèn weruh ing prenahnèki, jèn mandjing ndi nggonira.

Bénang = Bonang.

Tuwa anom kang 'anasir bumi, pan lakuné kedah ngawruhana, jèn tuwa endi anomé, lamun anom puniku, endi nggoné tuwané iki, kang 'anasir pawaka, kuwat-apesipun, jèn kuwat endi apesnja, lamun apes kuwaté ana ing ngendi, adja ora uninga.

Miwah mangké kang 'anasir angin, pan lampahé ana lawan ora, jèn ana endi anané, lamun ora puniku, endi nggoné orané iki, ingkang 'anasir toja, pedjah-gesangipun, jèn urip endi patinja, lamun mati uripé ana ing ngendi, sasar jèn tan weruha.

Kawruhana sadjatiné urip, dadi amudji pinudji dawak, ngarani dèwèké déwé, endi jèn sira wus wruh, kang amudji lan kang pinudji, adja ta kasanépan, margané pan agung, pan sami alus sadaja, dipun njata ing uripira sadjati, sa-rèhira nèng dunja.

Dipun weruh ing urip sajekti, lir kurungan énggané sarira, dèn uninga ing peksiné, rusak jèn sira tan wruh, sira Wudjil tingkah puniki, sasar jèn tan mangkana, jèn sira tan weruh, betjikana raganira, awismaa ing enggon ingkang asepi, sampun katjakrabawa.

Lamun sira ajun weruh Gusti, sarirané penèt winangwanga, ija iku leliruné, nanging sampun kaliru, sariranta kawula pesti, nanging kembar lan Suksma, adjumbuh dinulu, ing tohid nggènira njata, ija Wudjil lir bata kalawan siti, kumandang lan suwara.

Apan ana tri sata sawidji, ija Wudjil agalang-gulungan, pan iku apa sedjané, gumluntung gumalundung, mengko iki wus dadi pitik, samekta lan busana, lah Wudjil dèn weruh, adja sira sumambhana, sira Wudjil kawruhana dèn sajekti, ing kono nggoning njata.

Lijeping tyas akanduhan kingkin, tingalé dasih dadya sjuh sirna, temah luluh reragané, apan dadya anglimput, ing undaké tan ana kèsti, liwung tan ana tingal, kadya duk ing dangu, iku kang antuk nugraha, ing Hjang Suksma tetepanen iku Wudjil, lampah ingkang sampurna.

Adja adoh sira angulati, adja kaja ing wong mènèk wreksa, dèn sidep ing luhur wohé, mangkana ing Hjang Agung, dipun njana ana ing langit, dèn njana ing gegana, semuné wong tan wruh, mangéran anjar-ing 'alam, tanpa guru anggugu udjaring tulis, lumuh jèn tetakona.

Mapan rusak kadjatèné Wudjil, dadiné mangké lan karsanira, kang tan rusak dèn wruh mangké, sampurnané pandulu, kang tan rusak anané iki, minangka tuduh ing Hjang, kang wruh ija iku, mangka sembah-pudjinira, mapan awis kawruhana ta puniki, datan sah sih nugraha.

Pan wus njata ananing Hjang iki, ija iku kasutjjaning Hjang, ana ngaku weruh mangké, lan sanané tan antuk, raga sastra tan dèn gugoni, kang lali sih sùbrangta, kang sampun jekti wruh, ana kreti punang raga, paningalé dèn wangwang rahina wengi, tanpa sung nggugu raga.

Apan iku tapakané Wudjil, ingkang bisa sira nglampus raga, adja mung angrungu baé, dèn sajekti ing laku, ajun sarta lawan pandeling, jèn karana wus njata, pandjing-wetunipun, tan ana paléwuhira, lir pikulan sa-ros jèn tikel puniki, wani kang ora wikan.

Kasompok dènira aningali, karané mangké tan kaliwatan, ora arah ing prènahé, rupa lan sifat iku, mapan warta ingkang utami, jèn ora amanggoni, pegat tingalipun, tingal djati kang sampurna, aningali nakirah ingkang dumeling, kang sadjatiné rupa.

Mapan tan ana bédané Wudjil, déné kalindih solahé ika, badané tansèng purbané, Wudjil sampun tan émut, apan akèh tinutur Wudjil, tan ana kawusannja, sijang lawan dalu, dèn rasani wong akatah, kitabipun upama prekutut muni, asring kinarja pikat.

Raosana ing rahina wengi, lamun nora lan wisik utama, mapan nora na gawéné, luwih wong meneng iku, jèn kumedal lidahirèki, ananipun pan nora, ing saunipun, ing kalbu pan njata dunja, daré nétra tjara wadya anampani, meneng muni dèn wikan.

Dèn wruh surupé meneng lan muni, jèn tan wruha iku tan sampurna, sampun ta peksa enengé, jèn muni ajwa umjung, kukilané dèn amatitis, puniku saminira, tan wruh tegesipun, jèn udjar kang ginedongan, sira Wudjil sampun kaja bisa angling, lingira kang sampurna.

Endi rupané wong melèk wengi, éwa kadi adoh tingalira, karo iku tanpa gawé, jèn nora lan tinuntun, ing paningal acha'ku'ljakin, paran margané wruha, ing sariranipun, pangrununingsun ta ija, ing aslé sampurna iku lan muni, tanpa sung jèn menenga.

Ora meneng ora muni Wudjil, lah sira Wudjil atetakona, sira kang atakèn kabèh, sembah pudji dèn weruh, sembah akèh dunungé iki, lingira kang utama, wong amudji iku, sanalika gung sawabnja, pada lawan asembahjang satus riris, jèn wruh ing pirantinja.

Kang sampun wikan pirantinèki, sembah-pudjiné pan nora pegat, mapan tan ana waktuné, dèn nggo gawé amuwus, pada lawan sawidak warsi, pan sampun amardika, sampurna wong iku, ing waktu tan kabandana, kapardana solahé anèng djro masjid, aminda manuk baka.

Adja sira anembah ta Wudjil, lamun nora iku katingalan, sembah pudji tanpa gawé, pan kang sinembah iku, anèng ngarsa tjahja dumeling, apan nedya minangka, anané Hjang Agung, anané déwé pan sirna, ija iku enengé ingkang wong urip, katon kang sedy a purba.

Lawan malihé ta sira Wudjil, atakona sadjatining nijat, adja mungken ing tjiptané, apan tjipta puniku, kang anjipta anambut iki, dudu kahanan nijat, sembah pudji iku, tan wruh anèng pangurakan, kang atampa denda pisan lawan djilit, ramé pada giliran.

Sira Wudjil nijat iku luwih, saking 'amalipun ing akatah, nora basa swara mangké, nijaté pingil iku, kang gumelar ananirèki, sadjatiné kang nijat, tan ana puniku, nijaté pingil gumelar, nijatira sembahhjang nora bédèki, lan nijat ambebégal.

Sira Wudjil marmané wong serik, kupur-kinupuraken ing lampah, anggugu maring 'ilmuné, pidjet-pinidjet iku, aksarané asru pinidi, sawusé asembahhjang, mahgerib puniku, ramé samja kabarangan, awekasan salin kebjok ing kulambi, destaré kulawèran.

Pan sinapih aramé nèng masdjid, awekasan pada pepurikan, asembahhjang déwé-déwé, puniku milanipun, sirik gugon nauring tulis, tan wruh djatining nijat, pikiré wong bingung, lanang wadon pada ngarah, angulati nijat kang sadjatinèki, tan wruh ing dedalannja.



Hèh ta Wudjil ing ngagesang, mapan éwuh mati sadjroning ngaurip, awis kang tumekaa.

Mati patetes ingkang ajakti, nora étang Wudjil wewilangan, pan mulih maring djatiné, tan ana kéténg kéténg, jakti sira nora pepanggih, kalawan kang sinedya, jèn sirarsa temu, sirnakena raganira, jèn wus temu atemuwa karo kapti, kapti anunggal karsa.

Tunggal rupa séhos namanèki, tunggal nama séhos rupanira, tinunggal sarwa-sarwiné, sampun tinunggal iku, sahasa ja pati ja urip, larangan datan ana, sandang-panganipun, sakarsané tunggal karsa, wong sinihan tan ana andum amilih, sirna tinunggal karsa.

Punang kang sinung andum amilih, ija iku wong kang anèng djaba, nora weruh ing djeroné, sembahipun dèn sawur, tan wruh marang ing dalem puri, anging warta kéwala, tan wruh ing kadatun, dja sira ngemungna warta, warta iku anasaraken sirèki, jèn sira sisip tampa.

Lah Sadpada agé mèta tjremin, nulja mangkat Ni Sadpada ika, prapta punang tjremin mangké, katur dateng Sang Wiku, dyan ngandika sèndèkna iki, ing kaju tangi ika, lah Wudjil sirèku, kalawan sira Sadpada, angilowa karo ing tjremin puniki, Wudjil andapa sira.

Kawan kilan ambané kang tjremin, parandéné amba punang katja, pun Wudjil lawan dedegé, punang Wudjil ingutus, angadega hèn sira Wudjil, kang kinèn sampun mangkat, pun Wudjil andulu, ing ngarsa kekutjirira, kadi raré wadana andjeruk-wangi, èstu sampun atuwa.

Pun Sadpada angling hèn ra Wudjil, sira ngadeg pan ingsun asila, parandéné pada mangké, lir raré jèn dinulu, rerainé andjeruk-wangi, mèsèm Sang Adiningrat, hèn Wudjil sirèku, amalesa dipun énggal, uni éndjing kawula saweg sinapih, déné punang Sadpada.

Pun Sadpada angling hèn ra Wudjil, karsaningsun lawan karsanira, pundi ta mangké tunggalé, Wudjil djawaben ingsun, rupa lanang kalawan èstri, pundi tunggalé ika, pun Wudjil amuwus, nora nana prabédanja, lanang wadon pan iku tinunggal tjremin, lir rupané papreman.

Pun Sadpada nora weruh wangsit, pundi tunggal gusti lan kawula, jèn tan wruh sasar idepé, pun Wudjil gja sumaur, nora nana udjar puniki, pan sira salah tampa, mèsèm Kang Sinuhun, lah Wudjil sira marepa, awasena kang ana tjremin puniki, tekalungané rupa.

Rupa kang anèng sadjroning tjremin, lamun mandjing ija ndi nggonira, jèn lunga endi parané, hèn ta Wudjil sirèku, lah manggèna wuriné tjremin, si Sadpada ta ija, rupa roro iku, rupané si Wudjil ika, ingkang ana djro tjremin enggoning malih, Ni Sadpada kèmgangan.

Inggih Pukulun rupi satunggil, Wudjil wonten wuriné kang katja, boten katingal rupiné, kang katingal Pukulun, amung rupi-kawula jekti, lah Sadpada lungaa, manggèna ta iku, ing nggoné si Wudjil ika, hèn ra Wudjil-metuwa sira dèn aglis, dulunen rupanira.

Rupanira Wudjil dèn tingali, Ni Sadpada Wudjil iku ana, rupané ing katja mangké, inggih pun Wudjil matur, boten wonten rupaning èstri, aming rupi-kawula, Pukulun puniku, anèng ngendi si Sadpada, ing rupané pun Wudjil matur ngabekti, nuwun bendu kawula.

Pun Wudjil matur saha sung bekti, Kang Sinembah nggraitèng kawula, tunggal ing loro karsané, orané ananipun, ananira orané singgih, dèn aris sira ngutjap, unggahé ling iku, pun Wudjil umatur nembah, datan kena mungguh raosana iki, anuwun tedah-tuwan.

Sang Ratu Wadat ngandika aris, hèn ra Wudjil bener udjarira, semuné iku unggahé, la ilaha puniku, amot nafi isbat puniki, nafi djatiné ora, isbat ananipun, tegesé Pangéranira, sifat ora ing orané sampun uwit, ananéku nakirah.

Nafi nakirah lan nafi djinis, mapan iku djinisé Pangéran, nafi kang saha isbaté, nafi lan isbat iku, nora pisah pan nora tunggal, nafi kalawan isbat, nafi karonipun, loro ingkang winaléran, déning ila karoné tan kena mandjing, déning lafal ila'llah.

Hèh ta Wudjil kawruhana malih, kang isbat iku dipun waspada, atuduh maring isbaté, dalil lawan madelul, iku mangké saminirèki, kang alafal ila'llah, musbat aranipun, isbat iku hisimu'llah, pan tan kena ora na Pangéran malih, anging lafal ila'llah.

Hèh ta Wudjil éwuh udjar iki, ija mungguh ingkang panarima, pan éwuh lelebonané, marmané wong puniku, kudon tansah udjungan angling, sami amidjet lafal, tartibé dèn rebut, sarab ngamil djurumijah, pekih usul dèn gulang rahina wengi, kawruh kandeg ing lafal.

Lah ta Wudjil iku kang sajekti, solahira solahing Hjang Suksma, rupanira satemené, rupanira Hjang Agung, ingkang bisa Wudjil nampani, lir wité kang tjumedak, lan nangka dinulu, kaja sukun lan kaotan, ija Wudjil saimba warnanirèki, lir kalak lan kenanga.

Kang sawenèh amilu ngrasani, pangutjapé ija pan mangkana, nanging durung wruh djatiné, amung udjar pitutur, mungguh sastra kang dèn ugemi, tinélad ingutjapna, kinarja kekidung, kalédjemé ing aksara, tan uninga iku Wudjil dèn atampi, sasar jèn tan weruha.

Karané wong kang satengah Wudjil, manggung gawé anggegulang basa, sunat prelu sakabèhé, sembahjangé tan surut, ija iku ingkang ngalingi, puwasa lan sidekah, djakat pitrah iku, ija pan iku brahala, jèn katungkul sangsaja tan wruh sajekti, idepé wong bebakal.

Ingkang kitab apan sa-pedati, datan pegat hukum kang dèn ulah, haram batal sakabèhé, sangsaja sru kepaung, iman tohid kang dèn rasani, ma'rifat kang dèn ulah, sangsaja abingung, kawula gusti dèn utjap, angampelu sembah pudji dèn lelari, iku wong salèwèngan.

Dzat-sifaté ingkang dèn rasani, lafal asma kalawan afe'al, jèn ngutjap saja siriké, miwah nabi ta iku, wali mukmin kang dèn rasani, saja sru déning sasar, lampahé wong iku, maksih angèstoken warta, kurang gawé alingan kawula gusti, angur pada turona.

Tan mangkana ingkang sampun luwih, kang nama tunggal kahana tunggal, tunggal sapari-polahé, anging kang dèrèng weruh, apan ija amaksih ngintji, dèn sengguh dudu Suksma, ananira iku, sing sapa ngrasa kawula, ija iku idepé wong maksih djahil, iku wong paneluhan.

Lamun sira ija wus aurip, adja sira Wudjil ngrasa gesang, patiné sjuh sirna mangké, miwah ing walinipun, adja sira bédani iki, sing sapa bisa pedjah, bisa uripipun, kéwala mangké ing pedjah, pan minangka pepaèsé wong ngaurip, karsané Kang Kuwasa.

Lamun sira ajun angjektèni, ija Wudjil patitipaning Hjang, dèn awas mangké djatiné, kang sawenèh amuwus, iman tohid ma'rifat singgih, déné kang tinitipan, nabi wali iku, mukmin milu katitipan, ija iku djawabé wong maksih serik, durung tekèng kasidan.

Saking pangrunguningsun ta Wudjil, nenggih mangké kang iman punika, iman tohid ma'rifaté, jèn sampun brasta luluh, titipané nora na kari, muwah kang tinitipan, tan koningan iku, dudu nabi wali ika, kang atampa wus brasta nora na kari, nora lamun suwunga.

Kawruhana kang warana Wudjil, ana déné kang aran warana, déné anerus djatiné, muwah kang sadat iku, lawan nafi-isbaté iki, lintang déning warana, jèn maksiha kètung, muwah paèsan punika, maklum makdum tasbèh lawan tandjèng kaki, salat mangka warana.

Ana déné sakatahé nabi, miwah wali mukmin kang sampurna, pada wuta paningalé, tuli bisu mjang lumpuh, nora ngutjap nora ningali, miwah datan angrasa, anduwèni wudjud, anging wudjudé Kang Murba, kahanané apan wus tan ana kari, lebur kadya duk nora.

Mapan iku Wudjil kang wus luwih, luwih datan ana katingalan, pan suwung djati kawruhé, pilih kang praptèng suwung, lawan kupur miwah lan kapidir, pilih ingkang uninga, nugrahaning kawruh, lamun sira nora wikan, sira Wudjil umatura maring mami, jèn sira dèrèng wikan.

Jèn sira ajun sampurnanèki, tetakona Wudjil awakira, adja sira turut mangké, jèn sira jun lumaku, jèn tan warta nugrahan djati, masa sira weruha, endi nggoning weruh, jèn tan arsa tetakona, apan éwuh terapé mungguh ing diri, mula dipun waspada.

BREKAHE SUSUHUNAN ING BENANG

Suluk Dalang lan Wajang

Dandangula

Upamané ing mangké puniki, kaki dalang lan wajang punika, sakarsané dalang mangké, wajang darma lumaku, nora darbé karkat pribadi, anging karsané dalang, kang ringgit tut pungkur, solahé ki wajang ika, anging uga karsané ki dalang iki, wajang tan kena tjidra.

Pramulané ana wajang iki, pan kinarja kanjataan dalang, ananingsun iki mangké, dzat sifat wajang iku, miwah mangké af'alé ringgit, kinarja lelarapan, mring ki dalang wau, anging njata nora njata, suksma agung jèn tan ana ringgitnèki, dalang masa njataa.

Anané dalang lan wajang singgih, tan prabéda ing kahanan tunggal, tunggalena ing karoné, ajwa tunggal pandulu, tunggal iku pestiné sirik, lamun pisaha ika, tékadé djalmèku, tan prabéda lawan ménda, idepipun kawruhé kadi si kampir, anembah tawang tuwang.

Lamun sira aningali ringgit, dèn waspada mring Ki Pangseng ika, lawan Ki Dremawangsané, miwah ing keliripun, panggungira dipun udani, miwah kotaké ika, pandjak dèn kadulu, gamelan dipun uninga, baléntjongé punika dipun nastiti, arané kawruhana.

Nanging Ki Widdhi ing mangké niki, wus anuksma mring Darmakusuma, wajang nuksma gamelané, punika dipun weruh, ajwa sira kèrup ing ringgit, adja katut gamelan, dènira andulu, jèn tan waspada ing tingal, nora wandé mèlu kèrup ta sirèki, wuta anonton wajang.

Lamun sira tan awas ing ringgit, pondoh tjengkir mangké salokanja, tembaga tjinarub djené, sapolahé puniku, raganira kuwasanèki, ija saking Ki Tjrema, dalangé puniku, solahé datan prabéda, ija dalang ija wajang iku singgih, nora tebih prenahnja.

Pangseng lawan Djanaka puniki, wudjud tunggal tan kena pisaha, tan kena woworan mangké, lamun pisaha suwung, jèn tunggala puniku sirik, wudjudira ki dalang, tan gantya-gantyéku, nora jèn bebarengana, Kjai Pangseng kalawan Prabu Kiriti, jèku pada dèn awas.

Nora kari miwah datan dingin, ora mangké lamun atunggala, ora ta sasul wudjudé, nora ndjero ndjabèku, nora nduwur lan ngisor singgih, Widdhi lawan Ki Samba, iku dipun weruh, ajwa tungkul geguritan, dèn waspada banjolé mangké kang ringgit, kang aran wudjud tunggal.

Dalang iku pan ketiga singgih, wudjud echak lawan wudjud mutlak, ping tiga wudjud batilé, wajangipun puniku, lawan mangké tan béda malih, iku dipun waspada, dalang chak puniku, kalawan kang dalang mutlak, lamun mangké wajangé kang batil singgih, iku waspadakena.

Lamun ki dalang mangké puniki, anembaha maring wajangira, sapa kang sinembah mangké, déné wajangé iku, panembahé kadi punapi, sembahé sama ika, lamun wajangipun, ingkang anembah punika, pesti sasar tingalé mangké sirèki, ingkang anonton wajang.

Pestiné mangké kawula iki, nora nembah ija ing Pangéran, jèn tan sinembaha mangké, lamun kawula iku, pan angaku nembah mring Widdhi, pesti kupur punika, jèn tan nembah tuhu, pestiné kapir wong ika, dèn prajitna anembah munapèk snggih, pasèk lamun nembaha.

Lamun wonten kawula sajekti, ngaku nembah ing Allah ta'ala, pesti nemu bilahiné, iku tékad wong bingung, sumantana djenenging abdi, matija durung selam, ing mangké wong iku, panembahé sija-sija, durung weruh kang aran panembah singgih, angèl wong bisa nembah.

Kawarnaa nenggih kang ginupit, Suluk Baka mangké kang rinéka, akatah ika gantjaré, sakèhé ingkang 'ilmu, apan ija apada rungsit, sami ruwet sadaja, tan angrasèng kalbu, rèh durung dèn gurokena, milanipun pinikir rahina wengi, nanging dèrèng kepanggja.

Wonten Baka mangké kang linuwih, lir awajang angundang ing dalang, miwah saparipolahé, polahé dalang iku, saking wajang polahirèki, pan pangutjapé dalang, saking ringgitipun, ing tindak-tanduking dalang, saking wajang mapan ta anané ringgit, margané saking Baka.

Wonten Baka kang linuwih malih, lir sri dalang aningali wajang, miwah saparipolahé, polahé wajang iku, saking dalang polahé jekti, pan pangutjaping wajang, saking dalangipun, miwah satanduk-tindaknja, Ki Djanaka saking Ki Pangseng kang jekti, Ki Pangseng wudjud Esa.

Upamané Ki Sujudana Sri, mangké lawan Ki Widdhi punika, jèn nilih sinilih mangké, tan njata kalihipun, lamun nora silih sinilih, Ardigala lan Bima, tuwiné puniku, mangkana gusti kawula, nora njata jèn nora silih sinilih, Wisnu lawan Ki Kresna.

Pan mangkana ki dalang lan ringgit, nilih mangké sinilih pan njata, Ki Pangseng lan Djanakané, njatané kalihipun, lamun nora silih sinilih, Widdhi lan Sujudana, poma ajwa klèru, dalang dalang wajang wajang, gusti gusti kawula kawula iki, poma lah panggihena.

Kawruhana malih iku singgih, ing pestiné gusti lan kawula, jèn padon tanpa siringé, apan ing padonipun, nora kena maoni malih, ja gusti ja kawula, ja dasih ja ulun, ing pestiné nora kena, ing kalihé tan kena pinilih kasih, tan kena pisah-pisah.

Kadi angangsu api nèng warih, lambang ngambil geni deda-maran, ing kéri lawan kanané, warangka mandjing duwung, mjang parau amot djaladri, kuda ngerap pandengan, lan gigiring punglu, tapaké kuntul anglajang, lan pambarep adiné wuragi kaki, lawan tambining putjang.

Wonten geni pinendem ing bumi, lawan bunju dèn akum ing toja, mjang surja ingkang pinépé, sarta brama tinunu, poma sira prajitna kaki, kabèh puniku tjipta, tjiptané wong luhung, ana gusti angawula, maring dasih kinawulan maring gusti, iku pada dèn awas.

Kabèh iku graitanen kaki, sasmitané kang sastra sadaja, ing kiwa lawan kanané, dèn awas ing lor kidul, miwah mangké suruping angin, luhur lawan ing ngandap, ing wekasanipun, seminé djati angarang, takokena sudjalma kang sampun luwih, ingkang ahli ma'rifat.

Miwah ingkang ireng ingkang putih, lan wekasan wétan kulon ika, iku kawruhana kabèh, lan dasih ingkang ulun, lawan gusti kawula iki, kang kiwa lan kang kanan, elor lawan kidul, lan kang katon kang kalingan, ija iku jogja takokena kaki, jèn sira durung awas.

Lawan mangké atakona malih, atakona ingkang sampun awas, kakang ingkang pambarepé, lan adiné warudju, lan wulandjar durung akrami, lan unining kukila, sadjroning antelu, kang prawan sampun akrama, miwah randa durung asesuta kaki, lawan wekasan sindjang.

Miwah djatiné lanang lan èstri, lan djatiné gusti mjang kawula, ki dalang lan Ardjunané, jèn dèrèng wruh puniku, takokena kang sampun luwih, ajwa dir adiguna, éwuh udjar iku, akèh kang wong tiba sasar, salah tanpa ragané dèn dalih djati, miwah dèn dalih lija.

Poma sira lamun takon kaki, takokena gusti lan kawula, kawula lawan gustiné, lan tunggalé ro iku, lan loroné tunggal dèn kèsti, punika kawruhana, sabdaning pangawruh, ajwa sira apepéka, takokena pandita kang ahlul sufi, lan sampurna panembah.

Lawan mangké kawruhana malih, panemuné gusti lan kawula, Ki Pangseng mjang Djanakané, éwuh ta udjar iku, nora kena sinambi-sambi, jèn sira durung awas, panggihé puniku, suwung udjaré kang njata, akaron sih prandéné winadèng ati, wekasing panarima.

Upamané sira iku kaki, lir satrija nèng djroning papreman, paran baja patemoné, anjanding èntri aju, nora kwagang nikmatirèki, masalahing ma'rifat, ing sampurnanipun, marmané tan kauningan, sampun nangguh kadya duk awan ing wengi, mantuk ing oranira.

Sakabèhé para nabi singgih, miwah wali mukmin kang sampurna, sami wuta paningalé, tuli bisu mjang lumpuh, ora ngutjap datan ningali, miwah datan darbéja, ing wudjud puniku, nanging teka ananing Hjang, pan wus ilang nora nana kari-kari, lebur kadi duk nora.

Sadjatiné tingal kang linuwih, tan amudji miwah tan anembah, ora amangéran mangké, awas djatiné suwung, nora nana wudjudé kari, lir péndah sarfin'adam, ing suwungirèku, miwah sampurnaning sembah, sebut pudji datan ana ingkang kari, lebur anané ika.

Sadjatiné ananira iki, sampun mantuk kadya duk ing kina, lebur papan lan tulisé, tan ana kêtang kêtung, kahanané tan ana kari, pan wus mandjing Pangéran, paran kang dinulu, pan nora na paran-paran, sadjatiné tan ana kawula gusti, lebur kadya ing kina.

UGA BREKAHE SUSUHUNAN ING BENANG

Suluk Safat Batin

Dandanggula

Ja wruhana ingkang salat batin, apan iku luwih saking pringga, sadjroning puri prenahé, lir ngubek toja kedung, ajwa butek kang toja iki, dikena ulamira, iku dèn kadulu, dèn wruh sembah sanalika, ièn nastiti wong aulah salat batin, iku marga sampurna.

Adeging salat dipun kawruhi, asaling geni nenggih punika, dudu geni padang mangké, ja ananira iku, ingkang aran geni puniki, alip geni kang njata, roh ilafi iku, tan owah ing djenengira, ija iku takbir tan lawan usali, iku salat sampurna.

Rukuning salat puniku singgih, pan djumeneng aksara lam awal, asaling angin linggihé, dudu angin puniku, ingkang teduh kang sumariwing, angin puniku napas, tetali puniku, tetali urip punika, kang tan pegat ananira naktu gaib, dunja tekèng achirat.

Sudjuding salat puniki singgih, djumeneng sastra lam achir ika, adjaling banju asalé, dudu tirta puniku, kang tumurun saking ing ardi, toja urip punika, kang nguripi iku, sakèhing urip punika, ija iku sira datan anduwèni, banju pan djenengira.

Lungguhing salat dèn angawruhi, djumeneng sastra éhé punika, adjaling bumi asalé, dudu bumi puniku, ingkang adjur kang kena rempit, kang tjambor lawan toja, aran bumi iku, ija ananira ika, ingkang aran bumi ta puniku singgih, teteping kalanggengan.

Dudu Fatikah kang muni iki, dudu alkambu kang muni Kurän, kang winatja kaum akèh, ingkang gumrumung iku, gegawéjanira pribadi, Kurän pan djenengira, pratanda puniku, tandané anané Allah, sira iki witing bekti witing pudji, sira sarining sembah.

Pundi sembah ing Allah sadjati, lawan pundi sembahé kawula, aranana samengkóné, pisah lan tunggalipun, djawabira kang sinung esih, Pangéran Kali Djaga, andjawab puniku, singgih sembahing kawula, kang wus lair gijaring katah dumadi, iku sembah kawula.

Sembah ing Allah puniku singgih, durung lair ing kalbu kéwala, iku sembah ing Hjang mangké, adja ta salang surup, suksma iku apulang widji, mangkja katah katingal, paran tingkah iku, apan gumelar ing djagad, jèn mangkono akatah puniku singgih, iku paraning karsa.

Sunan Kali angandika aris, apitatur saisining djagad, sifat rong-puluh kumpulé, wudjud lan kidam iku, ja ta paran ingkang rumijin, lamun djinawab ika, kabèh salah iku, kudrat prenahé punika, aran kudrat Pangéran Kang Maha Tinggi, kang ora ora-ana.

Marma kudrat ta puniku singgih, ingkang nora iku dadi ana, iku kudrat kuwasané, birahining Hjang iku, arsa tinon ing warnanèki, iku kagunganira, kasugihanipun, pan kasugihaning Allah, nora lijan punika anganggé singgih, Allah ingkang nganggowa.

Lir kadi ringgit ingkang dumadi, nora lijan anggèné ki dalang, polahé dalang jektiné, polahé wajang iku, anut singgih rupané ringgit, Ki Samba polahira, aladak kadulu, kja dalang apan mangkana, kadi Samba tindak-tanduk polahnèki, anut karsaning wajang.

Molahaken ing Semar puniki, polah dalang pan kadi Ki Semar, andaléja ing polahé, mangkja Gusti Kang Agung, pan mangkana dènnja mimbuhi, anut sasolahira, ing kawulanipun, kalamun tan mangkonowa, tan djumeneng ananing Allah puniki, pan apes ananing Hjang.

Marmané kawruh tan kena serik, pan wus weruh lamun kasugihan, ala betjik ing polahé, muwah kang djahil iku, kang panastèn kang tjupet singgih, pan iku pandumira, sesandangan iku, Allah amatut rupanja, rupa sugih tan patut kinarja miskin, iku sandanganira.

Luwih katah kagungané iki, nora lija gusti nganggowa, puniku dèn agem déwé, kabèh sawarnipun, sami dipun anggé puniki, kang lungset lawan anjar, kagem sadajèku, tan kari anèng simpenan, pan ginelar sadaja kagungan gusti, adja kandeg kagungan.

Ingkang nulis tuhu amemeling, mring sakèhé kang asedya matja, dèn pada angrasakaké, ija ing rasanipun, ingkang sastra winatja iki, miwah ingkang kagungan, inggih mangkonèku, sampun kandeg kasimpenan, asring-asring winatjaa ingkang tulis, gajuhen rasanira.

WEDJANGANE SUSUHUNAN ING AMPEL

Dandanggula

Sampurnané sembah lawan pudji, tan andulu mangké ananira, pan djati lebur ulaté, lebur papan lan wuwus, kahanané nora na kari, pan wus maring Pangéran, paran kang dinulu, jèn nora na paran-paran, ija iku jogja nggeguruwa kaki, sampurnané panembah.

Mapan ing wong maksih nembah mudji, ing kawruhé pan maksih satengah, pantes tetakona mangké, adja gé-gé gumuju, lamun nora uninga djati, ajwa rena winedjang, warah lawan wuruk, punika maksih rerasan, adja tungkul tumingal ing tuwan abdi, puniku maksih baja.

Jèn amunga kawula lan gusti, kawruh iku ngur adja ngguruwa, kang maring ana djatiné, jèn arorowa wudjud, kadya tirta saking ing ardi, mili anèng sagara, kangèlan puniku, pan maksih amana-kawan, upamané lir ringgit amemutjuki, durung aran ki dalang.

Iku uga anunggang sadidik, kawruhing wong lagi abebakal, pan Allah aksara mangké, émané awakingsun, jèn rorowa tingal kang djati, jèn tan nora tunggala, kang tunggal winuwus, jèn si arorowa ika, takokena kang maring sembah pamudji, lawan kedaling lésan.

Kang sawenèh amangéran maksih, roh lan djasad ika dèn kekudang, dèn dalih suksma-ragané, akèh kang wong memuruk, sarirané dinalih djati, lah iku kukuhana, ananira iku, kang wine-djang anarima, nora wikan asusun kawruhé iki, 'ilmuné bebuwangan.

Sasar-susur jèn amedjang 'ilmi, atumpang suh 'ilmu tunda-tunda, guru pada lan sabaté, tingalé wong kang sampun, datan ana susun atindih, pestiné ing panembah, angèstokken tuduh, lamun suksma kang wisésa, adja tungkul ing diri ana pawèstri, miwah ana wong prija.

Lawan ana mangké pulang resmi, kadyanggané mangké wong amitra, brangti mring pawèstri kijé, pan ing amitra iku, nora kaja kalawan selir, marga déning djaruman, karané tetemu, djaruman asung dedalan, sapatemon tan kotjap lanang lan èstri, mantep kahanan tunggal.

Jèn wus tunggal sira dèn pakéling, lah reksanen ta djaruman-ira, manawa djahil atiné, betjiké ta maring sun, wong tetiga dadija sidji, rowang golong-golongan, dipun tunggal wudjud, adja na manah nalimpang, upamané kadi andjala ing kali, ulam sakedung telas.

Ulam sakedung tan ana kari, girang-girang mangké kang andjala, tan wruh jèn ana badjulé, pan ing bengawan iku, ingkang baja badjul sadjati, déné nora ketara, awor lawan banju, ketjemiké tan koningan, lamun kurda tan ana mungsuh nadahi, amangsa mring kang ndjala.

Karané mangké tingkah puniki, adja sira amuhung Pangéran, punika ta 'ibaraté, raganipun amuwus, kawulané ananing Widdhi, tandané jèn sinihan, padané Mah Luhur, déné njatané kawula, sira iki satimbang rasaning Widdhi, pan kinarja trasanda.

Trasandané kawula linuwih, lamun sira mangké durung awas, warnaning kapiting mangké, juju wimbuh dinulu, ja Muchammad lawan sirèki, nora béda panunggal, ja Muchammad iku, Muchammad lawan Pangéran, kadi sekar kalak kenanga kang djati, tunggal wimbuh warnanja.

Lamun mitjara ing 'ilmu djati, ingkang sampun amanggih rerasan, tan karasèng lati mangké, pan ing kawruh puniku, datan kena ingutjap malih, jèn ana ngutjapena, ing kawruh puniku, jèn maksih angutjapena, ing kawruhé wong iku pan sapiduni, marma dipun wewéka.

BREKAHE PANGERAN ING ATASANGIN

Midjil

Sekar midjil ing wong peksa luwih, arsa ketjap kang wong, amemedjang wong pasèk sedyané, lan durdjana lebé modin katri, tjatur kaumnèki, dèn wruh semunipun.

Sangkanipun pada mijarsèki, kang winarna tinon, ingkang kalot ing rasa muljané, ijèku pantes kalotèng jekti, amor rasa djati, kang amudji iku.

Rasa iku nurbuwat kang djati, duk ing sifat ramal, wau medal ing awal djoharé, wus diwasa ingaranan singgih, djohar achir nami, iku dipun weruh.

Djohar awal dèn ken rasa djati, mring achir kang djohar, tunggal wudjud saparipolahé, nggènnja amor wudjudé sapari, polahé pan sami, apané kang dudu.

Amor ingkang gusti-kawulèki, ja ing djohar kono, tunggal urip tunggal ing rasané, tunggal djohar achir awal singgih, dèn angrasa jekti, ing sira satuhu.

Djohar batin duk anembah mudji, ja iku Hjang Manon, ingkang aran sadjati-djatiné, ija iku nora nana kari, rasa nukat-gaib, duk ing kunanipun.

Nukat-gaib tan gantya tan kari, ija iku jektos, nukat-gaib ran para jektiné, sasampuné tumiba rannèki, nektu iku singgih, urip waunipun.

Nektu iku petjahé kang dadi, alip ingkang jektos, ingaranan pan alus djisimé, djisim latip ija arannèki, nektu iku singgih, ran djohar awalu.

Ija uripira njata urip, ran Rasulu'llahu, Rasulu'llah panggihé rasané, rasa djati ja ingkang sajekti, getih lawan daging, tunggal wong kang lampus.

Pan nora na ija getihnèki, jèn wus ilang kang wong, amor lawan ing suksmadjatiné, alip iku ingaran ilafi, djeneng rasa djati, rasané rasèku.

Ija iku aran djisim latip, latip latip kang wong, pan angsalé ing alip mauné, uninipun kang alip sajekti, tanpa ngutjap iki, tan mjarsa tan ndulu.

Tanpa karkat tanpa budi jekti, kang alip sajektos, apan sami lan nektu rasané, noranipun kang alip puniki, déné dèn tjampuri, ing roh ilafiku.

Roh ilafi dzatu'llah kang djati, trasanda Hjang Manon, pan kinarja gegentiné dzaté, alip iku djabar djèré sami, nanging djohar alip, tan na brahinipun.

Birahiné namanira jekti, namané Hjang Manon, nora nana kang kari-kariné, iku kaki graitanen jekti, puspita ginanti, lajon timbul banju.

Maskumambang

Djalma luwih wong lanang guruning èstri, lakiningsun tuwan, nggèningsun angèngèr gusti, pangulu karja panutan.

Panutané wong èstri, tuhu jèn luwih, margané sampurna, kinaelhan ing Hjang Widdhi, dedalan mungga ing swarga.

Laku sarak aundanga anak rabi, paèsing wong lanang, dadi prabotaning èstri, utama kang garwa papat.

Estri papat pilihan karjanen rabi, rumijin agama, kaping kalih warnanèki, kaping tiga kulawarga.

Kaping paté sugih gedong emas pitjis, baturé akatah, parekané aju luwih, sami bekti ing Pangéran.

Estri adi wadané nora akrami, dadi pandjang gita, gung guritan para santri, djedjawataning pandita..

Gandjarané wong èstri rawuh pinanggih, akrami pandita, kaduluran suka sugih, wong luwih lanang sadjagad.

Wong abetjik tur mulé asih ing rabi, miwah 'ilmunira, sadina amituturi, amarahi ing agama.

Pitaturé saketjap rega saketi, tutug dunja chirat, iku djalma kang linuwih, pandita sabar darana.

Ija iku wong lanang tinohan pati, lakiningsun tuwan, tinut ing èstri sabumi, tuhu jèn lanang sadjagad.

Lunga ngadji lakiné dèn pasangoni, dalu datan néndra, jèn sijang atjegah bukti, salameta saba paran.

Lamun wektu pakarjané dèn marèni, pudjinja tan pegat, tenunané bandung kalih, utjul tampar asembahhjang.

Dèn warnanen Sang Prabu Anjakrawati, sira sinedahan, ing sakèhé para mantri, muwah kang para punggawa.

Ingang ngambil malaékat pitung keti, pada sinedahan, kang ngambil siti kang sutji, kèhing siti pitung talam.

Angandika Sang Prabu Anjakrawati, Djabarail ika, ingutus mundut njawèki, paningal pangambu ika.

Pamijarsa paningal pinundut iki, pinanggihken ika, kalawan badan puniki, sampun pepanggih samana.

Tukonipun kanugrahan mas-kawin sih, wali pangandika, sahidé karsa puniki, adji-kawinipun parman.

Ingang ngawinaken pada suksma singgih, bari mati nrima, badan lan njawa puniki, tarimané badanira.

Tanpa polah panarimané puniki, njawa tarimanja, angélingaken puniki, wedi asih ing Pangéran.

Kang kinarsakaken sangkan paran iki, pan tigang prakara, mani wadi madi ning sih, iku sangkané Pangéran.

Adjedjuluk Sang Déwi Sariragèki, njawa aranira, Radèn Mas Djajasemadi, wus lami apalakrama.

Sampun pitung atus warsa laminèki, dènnja palakrama, lan Déwi Sariragèki, K_i Djajasemadi modjar.

Halah jaji kantuna kusuma adi, mirah-ingsun njawa, wus alami ingsun gusti, atemu lan djenengira.

Uwis sedeng atemu sira lan mami, sun arsa muliha, ing adjal-ingsun karijin, kangen wismaning Hjang ika.

Halah paran lamun nora sun-ulihi, sepi wismaningwang, kang tunggu angarsi-arsis, déning liwat ing antara.

Lamun ingsun praptaa wisma ing béndjing, mirah ariningwang, sadaja lali ing mami, déning luwih saking lama.

Kadya paran lamun nora sun-ulihi, lah sira karija, Déwi Sariraga angling, anangis sarwi sesambat.

Nora bisa kawula pangéran kari, paran polahingwang, andika-tilar wak-mami, Sang Dyah nungkemi kang raka.

Datan kena tjinegah asta Sang Déwi, lir pulut kang asta, sangsaja ngruket ing laki, Radèn muwus ing pawongan.

Halah inja wengkangen asta Sang Putri, sira undurena, sakatahé pramèswari, sami ingundurken ika.

Sami awlas wau ingkang aningali, jèn gusti kantaka, sadaja sami anangis, lir gerah swarané ika.

Umjang gumuruh swarané wong anangis, kang anggebok djadja, sesambat amelas-asih, duh gusti paran kawula.

Dyan warnanen Rahadèn Djajasemadi, wus lèngsèr sing pura, andungkap lawang sademi, Radèn lumampah lon-lonan.

Radèn Putra anglèsé amadjang sasi, sawedaling pura, anrutus paséban djawi, ja ta wau kawarnaa.

Sakatahé kang para mantri bupati, wong singanagara, gandèk martalulut singgih, kapilih kapedak djaba.

Gadjah djaran sami andèr anèng tepi, muwah upatjara, gedong pratola angrawit, isinja tirta kulajat.

Kang pasowan pepitu katahé singgih, kinembar sadaja, sami kapéring ing kori, atarab pasébanira.

Andèr djedjel kang séba sami alinggih, lir péndah kaswargan,
sami kentjana rinukmi, sesaka retna rinengga.

Dalem agung aputjak kumala adi, pan sarwa kantjana, inten
djumanten widuri, dinulu asri kawurjan.

Kang aséba tan kaétang katahnèki, wong djero sadaja, njaosi
karsané gusti, sijang dalu nora pegat.

Dyan warnanen Radèn lumaris minta sih, pan awirandungan,
kèhing séba tan udani, wus sirna paningalira.

Lawang kabèh wus kalangkungan ta singgih, sakèhé kang
tengga, tan wruh maring kang lumaris, lir kang sotja pring
tingalnja.

Dipun bisa anampani kang lumaris, lah ta iku sapa, kang
wangsit demit arungsit, dèn bisa ing tampanira.

Saja ladju Radèn Mas Djajasemadi, duk sira andungkap, ing
pintu kang gapura di, aran lawang timbul-njamat.

Lawang iku tan ana ingkang ngawruhi, lawang gaibu'llah, ing
séla tumangkeb iki, iku lawang memalingan.

Aran alip ta'iju'lälip puniki, djumeneng apadang, angadeg bener
ta singgih, saksana menga kang lawang.

Sareng ngantjik sanginggilé gapura di, ja pintu kasirnan, Radèn
amandeg anolih, sangsaja karasa-rasa.

Kang katilar Sariraga kang kaèsti, angles manahira, paran
polahira kari, sapa jaji baturira.

Radèn Putra sigra mangsuli kang ari, angres kang katilar, Déwi
Sariraga singgih, sampun prapta prenahira.

Tinggalan jèn kantaka ingkang raji, angres Radèn Putra,
dènira ningali rabi, teka sinanding Sang Retna.

Radèn misih urip tunggal rasa djati, iku wudjud tunggal, rasa
tunggal rasa urip, urip kang tan kena pedjah.

Dyan sinesep Retna Sariraga aglis, anglilir Sang Rara, iku urip
kang sadjati, pan inggih djatining tunggal.

Paran marga lamun pisah ing wong èstri, kalawan kang prija,
embanan inten kang adi, kapurba pan kawisésa.

BREKAHE SUSUHUNAN PANGGUNG

Suluk Malangsumirang

Dandanggula

Malang sumirang amurang niti, anrang baja nggènira sung gita, raré nom akèh duduné, anggelar udjar luput, anrang baja tan wruh ing wèsti, angutjap tan wruh ing trap, semu kadalarung, andaluja ambelasar, dahatira tansah amalang-sengiti, tan kena winikalpa.

Andaluja kadudon dènnja ling, tan apatut lan udjaring sastra, amurang dedalan gedé, ambawur tutur-tutur, anut marga andjungkar angin, anasar ambelasar, amegat kekutung, tan ana lampah dèn garap, pan kawingking kadjèné tan dèn rasani, liwung kaja wong édan.

Pangawruhé kadya raré alit, tan angrasa dosa jèn dinosan, tan angritjik tan angrèntèng, tan étang tan na étung, kalal karam tanpa rinitji, wus mandjing ambirawa, liwung tanpa tutur, anganggé sawenang-wenang, mandjing 'alam ing wong ingkang kupur kapid, tan ana dèn tataa.

Murang sastra udjaré sarèngi, atjawengah lan sabda pandita, asulaja lan wong akèh, winangsit andalarung, kedah anut lampah tan singgih, mulané ambelasar, wus amanggih tuduh, djatiné wus puruhita, laranipun tan ana dèn pirantèni, sakèhing pringga baja.

Pangutjapé wus tanpa pakéring, nora na bajané wong uninga, ing kadjatèné awaké, tan na bajaraning weruh, jekti tan wruh djatinirèki, pan djatining sarira, tan loro tetelu, kadya nganggé reringgitan, duk susupan kang lunga andon aringgit, djaroman sing nagara.

Anèng Gegelang alampah ringgit, ngalih aran Ki Dalang Djaroman, amendem ika sedjané, nora na ingkang weruh, lamun sira Pandji aringgit, baloloken ing warta, udjaré kang ndulu, pada ngarani dadalang, dahat tumbuh jèn iku Putra ing Keling, kang aminda dadalang.

Adoh kadohan tingalirèki, aparek mangké tur kaparekan, tan wikan pandjing-surupé, dèn sidep baja dudu, lamun sira Pandji aringgit, baloloken ing rupa, Pandjiné tan weruh, lir Wisnu kalawan Kresna, nora Wisnu nanging Kresna Dwarawati, anjipta gara-gara.

Wisésa djati Kresna siniwi, kang pinudji djagad pramudita, dèn weruha ing obahé, Hjang Kresna djati Wisnu, kang amanggih nora pinanggih, apan ija atunggal, kadjatènrèku, pramulané ana djagad, ametokken kawignjan Sang Wisnu Murti, njatèng Sang Arja Kresna.

Akèh wong korup déning wong kaki, tjiptanira nggoning puruhita, dèn pisah-pisah djatiné, dèn sidep sijos wudjud, lan djatiné kang dèn ulati, umbangé wong kapiran, tanbuh kang dèn dulu, iku ora ilang-ilang, kapuputan mider-mider ing namèki, déning tan wruh kasidan.

Brahalané dèn géndong dèn indit, malah kaboten déning dandanan, durung wruh ing kadjaténé, tjiptané tanpa guru, ngamungena udjaring tulis, dèn turut kitabira, dèn tutur anggalur, dèn utjap kadi dongèngan, sadjatiné dèwèké nora dèn liling, pidjer dènnja memilang.

Udjar kupur kapir kang dèn tampik, dosa tjilik gedé kang dèn tulak, iku wong anom kawruhé, sembahhjangé dèn gunggung, puwasané dèn ati-ati, tanpa jun kasalahna, karipus ing kukum, ingkang tumekèng wisésa, sembah pudji puwasa tan dèn wigati, tan wruh ing sangkan paran.

Sakèhing dosa tan dèn kawruhi, udjar kupur kapir tan dèn rimat, wus liwung ing pangidépé, tan na dulu dinulu, tan angrasa tan angrasani, tan paran tan pinaran, wus djatiné suwung, suwungé tan ana ika, ing anané ana ing rasa sadjati, tan kena rinasakna.

Dudu rasa kang ginawa iki, dudu rasa pan rasaning suka, dudu rasané latiné, dudu rasa rasèku, dudu rasa rasaning kuping, dudu rasaning tingal, kang rasa puniku, amengku sakèhing rasa, rasa djati tan karasèng djisim-djisim, rasa mulja wisésa.

Kang wus tumeka ing rasa djati, panembahé tan lawan nalika, lir banju mili pudjiné, nora na bédanipun, meneng muni aturu tangi, bukti mjang nginum ika, lumaku alungguh, dadi bekti ing Pangéran, kang wus teka ing tunggalira kang djati, anging ingsun kang ana.

Inggang tan awas mangké ku kaki, pasti mantep kawula kang awas, teka ing sembah-pudjiné, amudji ingkang weruh, panembahé rahina wengi, mantep pan nora ana, udjar iku luput, nanging poma tekakena, dipun awas tegesé ing kupur kapir, sampun kandeg rerasan.

Jèn tan wruha udjar kupur kapir, wong puniku pan sampurna kéwan, maksih mentah pangawruhé, kang tekèng urip iku, ija iku sampurna djati, pan wekasé kasidan, kupur kapir iku, ija sadat ija salat, ija idep ija rasa ija urip, ija tegesé Islam.

Mangkana kang wus wikan ing djati, kang minangka sadjatining rasa, anging kawula djatiné, kèngering ingkang tan wruh, pan kabandang idépé gingsir, katèmper déné warta, milu kapiluju, ing wartané wong akatah, pangérané dèn sidep ana kekalih, kang amurba misésa.

Jèn ingsun njipta kang kaja iki, angur matija duk lagi abang, tan angangka tan angamé, akèh wong kang ampelu, tata lafal kang dèn ugemi, sembahhjang lan puwasa, dèn kudang tan surut, dèn sengguh anelamena, sembahira awuwuh anderbalani, kabèh dadi brahala.

Pangrasaningsun duk raré tjilik, nora selam déning asembahhjang, nora selam déning enggèn, tan selam déning waktu, datan selam déning sastrèki, tan selam déning tapa, ing pangrasanipun, éwuh tegesé wong selam, nora selam déning anampik amilih, pangan kalal lan karam.

Mapan kanag wus weruh selam kaki, mulja wisésa djati kamulja, sampurna teka mulihé, wuluné sagalepung, brasta geseng nora na kari, anggané anèng dunja, kadi adedunung, lir Sang Pandji angembara, sadjatiné jèn mantuk enggèning urip, mulja Putra Djenggala.

Wekasaningsun angédan éling, sun-sapihé bok apa patjuhan, manawi metu latjudé, adja na milu-milu, udjar iku kabèh tan singgih, nora na mangkonowa, olèh-ngong angapus, raré nom tur ambelasar, tanpa gawé nggèningsun amurang niti, dèn kanti panarima.

RIWAJAT WALI SANGA

Katjarita Sang Prabu Brawidjaja kang wekasan ing Madjapahit, Sang Prabu durung kagungan garwa pramèswari, bandjur angutus Patih kadawuhan nglamar marang nagara Tjempa, wis mangkat sarta wis tumeka nagara Tjempa, Ratu ing Tjempa tanpa pang-lamaré Patih ing Madjapahit, putra putri kang sepuh wis kaparingaké, saha kaparingan pusaka, arupa grebong balé lumur minangka titihan, sarta gong Kjai Sekardlima, sarta Sang Putri pinaringan anggon-anggon rupa sangsangan, minangka tetenger, jèn kalung iku nganti surem warnané, kang rama saha ibu nudju gerah, jèn pedot saha tjoplok saka ing embanan, pratanda kang rama séda, saha busana mawarna-warna, kang ing nagara Madjapahit durung ana, tumeka karaton Madjapahit Sang Putri wis daup karo Sang Prabu, gedé wiwahané, Sang Putri wis pinaringan asma Ratu Putri Dwarawati.

Sang Putri Ratu Dwarawati wis suwé dadi garwa Nata ing Madjapahit, rèhné ing Madjapahit wis kadunungan agama Islam, nanging durung pati warata, Sang Putri Ratu Dwarawati ngarsakaké anglakoni ngrasuk agama Islam, ing kono bandjur dadi panuntuné para kawula wiwit abad 15 taun Maséhi, para wong lanang wadon pada kapéngin uga ngrasuk agama Islam.

Kotjapa para guru-guru kondang kang angadjarwa disik déwé, aran Sèch Maulana Malik Ibrahim, Sang Wiki mau asalé saka nagara Pèrsi, bandjur djedjuluk Sèch Maulana Malik Ibrahim.



Déné anggoné angadjawa kang kadjudjug sapisan ing kuta Gresik, Sang Tapa bandjur kekuwu mandita, suwé-suwé luwih gedé kramaté, sawisé sawatara masa anggoné mentjaraké agama lan 'ilmu rasa, Sang Pandita bandjur séda, pinéngetan sédané nalika taun Maséhi 1419, dadi pepundèné wong bumi ing Gresik lan sakiwangené, kanggo péngèt ka-Islaman, lan kanggo panepèn apa déné pakaulan.

Kotjapa Sang Prabu ing Tjempa isih kagungan putra putri kabener ariné Putri Ratu Dwarawati garwa Prabu ing Modjapahit, bareng wis masa dipalakramakaké kang rama olèh bangsa Sajid saka tanah 'Arab, aran Sang Sèch Tunggul, Sang Putri patutan sidji kakung, diparingi asma Radèn Rahmat.

Bareng Radèn Rahmat wis diwasa, kadawuhan kang éjang saha rama ibu, kinèn suwita marang nagara Madjapahit, awit iku kang uwa, Radèn Rahmat bandjur mangkat.

Tumeka nagara Madjapahit, katur Sang Nata, katampan pasuwitané, suwé-suwé diparingi idi, dadi guru 'ulama, saha djuru memulang agama Islam, ing kono kadjudjung dadi Waliju'llah, kaparingan dedépok ing Ampèldenta ija ing Ampèlgading, katelah kasebut Kangdjeng Susuhunan ing Ampèlgading, gedé kramaté saha awibawa kinèringan sakèhing para kawula.

Anudju ing dina sawidji, Sang Wiku Susuhunan Ampèl akarsa nganglang ing laladan kono, tumeka sapinggiring kali, Sang Susuhunan Ampèl mirsa iwak gedé sarta baja, pada tarung ramé ana ing telenging kali mau, saka pada sudirané, iwak sarta baja mau mati sampjuh, Sang Wiku andangu marang para wong-wong sahabat ing kono, iku iwak apa arané, para sahabat ora pada mangreti arané iwak mau, amarga anèh rupané, Sang Tapa bandjur andawuhaké sabda, rèhné iwak iki wani mungsuh karo baja, dakparingi aran iwak Sura, jèn mangkono rèhné ing kuta Ampèl iki gedé lan djembar, samengko tak-paringi djeneng nagara Surabaja, para sahabat kabèh miwah 'ulama sarta wong bumi mangajubagja, ing kono wiwité aran kuta Surabaja utawa Surapringga, sura iku wani, pringga iku papan, papané iwak wani karo baja.

Kangdjeng Susuhunan ing Ampèldenta, kagungan putra patutan saka garwa putri tariman Sang Prabu ing Madjapahit, kakung kaparingan asma Wali Makna, bareng wis diwasa kadjumenengaké Wiku ing nagara Tuban, asma Susuhunan ing Bénang, ija iku talatah ing Rembang.

Ing wektu iku wiwit anané panuntun agama kang asma Wali Sanga, ambaboni para wong-wong Islam kang wis korut utawa kèrup marang para Wali, ing tanah Djawa wis mèh sapratelon kang ngrasuk agama Islam.

Wali Sanga kang misuwur kawibawané, ija iku putrané angkat Njai Trenaté, ija iku Susuhunan ing Giri Pura, kang mauné nganggo sesebutan Pangéran, saka supekété marang agama Islam, bandjur asma Prabu Sètmata utawa Prabu Satmata.

Wali Panutup asal saka asma Radèn Sahid, uga nama Sèch Malaja, ija iku kang bandjur djinulukan Kangdjeng Susuhunan ing Kali Djaga, bijèn asli putrané Sang Adipati ing nagara Tuban.

Susuhunan ing Gunung Djati ing kuta Tjirebon asma Susuhunan Ngudung, kagungan putra sidji asma Susuhunan Kudus, apangkat Pangulu.

Kang djumeneng Wali ana ing kuta tanah Bagelèn utawa Pagelèn, bijèn asal saka wong andèrès legèn, bareng setya marang kautamaning agama Islam, bandjur djumeneng Wali asma Susuhunan Geseng, déné aslining asma: Ngabèhi Tjakradjaja.

Pangéran ing Tembajat, bijèn asal saka Adipati ing Semarang, asma Kjai Ageng Pandan-arang, bandjur mandita pindah panggonan ana ing Tembajat.

Wali Sèch Sitidjenar, miturut tjarita pagedongan, asal saka ratuning tjatjing lur, saka bangeting setya dadi manusa utama.

Kang aran Sèch Domba, bijèn asalé wong ala, utawa pangarepé wong ambebégal kang aran Ki Sambangdalan ing Salatiga.

Ana déné asalé pangareping para Wali kabèh, kasebut Wali Aulija Sèch Maulana Mahgribi, utawa Susuhunan ing Giri Pura.

RIWAJAT KADIPATEN LAN MASDJID DEMAK

Katjarita, Sang Prabu Brawidjaja ing Madjapahit, uga kagungan garwa ampéjan asal saka ing Wanapringga Roban, wudjud raseksi, bangsaning ediin turuning Edjan, nalika njidam dahar getjok mentah, wusana kabadaran, amarga winisésa marang Sang Prabu, Sang Putri Raseksi bali marang ing Wanapringga Roban manèh.

Satekané ing Wanapringga Roban, Sang Putri Raseksi wis ambobot, ingupakara déning saduluré raseksa lanang aran Kala Daruka, déné Sang Putri Raseksi mau aran Daruki, tumeka masané anggoné ambobot ambabar metu prija warnané luwih bagus, didjenengaké Djaka Wahana, bareng wis diwasa motah takon bapa, dipurih suwita marang Madjapahit, bandjur mangkat.

Tumeka ing Madjapahit, Djaka Wahana katampa pasuwitané, bareng wis diwasa pantes amengku nagara, bandjur piningan pangkat Adipati ana ing Palémbang, kaparingan asma Sang Arja Damar.

Sang Prabu Brawidjaja ing Madjapahit, uga kagungan garwa ampéjan putri asal saka nagara Tjina, asma Liem Kiem Nio, Sang Putri Tjina wis ambobot antara 4 sasi, bandjur kawetokaké saka karaton Madjapahit, awit saka panjuwuné garwa Nata Putri Tjempa Sang Putri Ratu Dwarawti, awit mentas supena, ing sadironing pasupenan Putri Tjina amangku rembulan, kinarojok ing lintang, sarirané dadi abjor, mula kapareng ora kaparenga, Putri Tjina

énggal-énggal kawetokna, awit tetéla andadèkaké prihatin, Sang Nata ora anggali kalajan subasita, bandjur angidèni baé, nanging sinandi, Sang Nata bandjur angutus Patih, Putri Tjina katarimakna marang kang putra Djaka Dilah ija Arja Damar Adipati ing Palémbang, sarta wineling, jèn djabang baji durung lair, ora kalilan anunggal saré saha among raras, Sang Adipati matur sandika, bandjur bojong menjang nagara Palémbang.

Bobotané Sang Putri Tjina wis tumeka masané, ambabar metu kakung luwih bagus, piningan asma Radèn Patah, bareng mèh diwasa, Sang Arja Damar uga bandjur kagungan putra manèh saka Putri Tjina mau, metu kakung dedeg pideksa mèh sairib karo Radèn Patah, diparingi asma Radèn Husèn, satrija loro mau banget sih lan rukuné, sawisé Putri Tjina nganakaké Radèn Husèn, Sang Putri katjarita séda konduran.

Radèn sakaroné iku, Radèn Patah lan Radèn Husèn, bareng wis diwasa, kadawuhan kang rama bandjur angadjawaa, anggeguru agama Islam, saha andjudjuga ing Ampèlgading, Sang Radèn sakaroné bandjur mangkat.

Lakuné Radèn Patah wis tumeka ing Ampèlgading, katampa dadi siswané Sang Wiku, awit Sang Wiku wis witjaksana jèn iku tjalon Ratu Panuntun Agama Islam. Bareng putus pangawruhé marang rasané agama Islam, bandjur kapundut mantu marang Sang Wiku, kadaupaké karo putri wajahé Sang Wiku, sawatara masa bandjur kadawuhan abebadra babad ing alas talatah Bintara, ana déné kang raji Radèn Husèn, pinurih ambandjura suwita marang nagara Madjapahit, bandjur mangkat.

Lakuné Radèn Husèn wis tumeka ing nagara Madjapahit, séba ing ngarsa Nata, katampa pasuwitané, bandjur winisuda dadi Adipati ing Terung, asma Adipati Petjattanda.

Katjarita Radèn Patah wis tumeka ing talatah Glagahwangi alas Bintara, babad alas wis dadi nagara luwih gemah tata rahardja, djumenengé ing kono Radèn Patah kinèringan ing sapada-pada, inganggep Radjaning Agama Islam, suwé-suwé kamirengan Sang Prabu Brawidjaja ing Madjapahit, Radèn Patah katimbangan kang rama, uga séba, Sang Prabu banget asihé, kang putra bandjur kajumenengaké Adipati ing Bintara, kaparingan asma Adipati Natapradja, ing kono bandjur kaparingan bala saleksa, sarta ing Bintara kaelih aran nagara ing Demak, Sang Adipati bandjur kapareng kondur ingrid para wadya.

Nagara ing Demak wis redja, tur wibawa mukti, Sang Adipati wis angagem asma Adipati Natapradja, atur pamrajogané para Wali arsa jasa masdjid, wusana kalakon dadi, saka-guruning masdjid kang sidji katjarita tatal, adegé masdjid Demak dipèngeti nalika taun Maséhi 1450, saéngga sapréné jèn ing sasi Besar kanggo tetapan kadji.

BEDAHE NAGARA MADJAPAHIT

Katjarita, suwé-suwé para Wali duwé pirembug karo Adipati ing Demak, jèn kang rama Prabu Brawidjaja kapeksaa angrasuk agama Islam, Adipati Natapradja (Radèn Patah) mangajubagja lan sanggem, sarta dibijantoni Adipati Palémbang Sang Arja Damar, saha kang saguh njénapatèni prang ija iku Sunan Ngudung, kalakon budal.

Nagara Madjapahit ing wektu iku dilambang: Matjan galak, semuné tjuriga ketul.

Para Wali wis ambudalake para pradjurit, sénapati Sunan Ngudung, tumeka Madjapahit dadi prang, prangé wadya Islam pada mundur, para Wali ngetokaké pangabaran rupa tawon, sarta tikus, Sunan Ngudung mati perang amungsuh Adipati Terung Sang Adipati Petjattanda (Radèn Husèn), katjarita perang lèrèn disik, para Wali angrembug prajogané.

Sasédané Kangdjeng Susuhunan Ngudung, kagentènan putra Susuhunan Kudus.

Wis sawatara rampung panemuné para Wali, Sang Adipati ing Demak ngutus ngadani perang manèh, Adipati Terung kabener kang raji Sang Adipati Demak, kena kabudjuk kalakon ambalik, wong Madjapahit pada giris.

Patih Madjapahit sarta Radèn Lembu Pangarsa, apirembug arsa labuh sirnaning para najaka lan para adipati, bandjur mapag perang, wadya Demak sarta para adipati Islam akèh kang mati, suwé-suwé para Wali angetokaké karamat, Patih Madjapahit lan Radèn Lembu Pangarsa temah kasambut ing prang, sawadya-balané lumpes, ora ana kang gelem ngrasuk agama Islam.

Katjarita Sang Prabu Brawidjaja, bareng uninga para wadya, santana, Patih, sarta kang putra wis séda, Sang Nata pamit kang garwa, maneges karsaning Hjang Suksma tinurutan, Sang Nata muksa dalah saisining karaton, mung sawatara lajang pakem tuwin wéda salong kari.

Sarèhné garwa Nata Putri Ratu Dwarawati wis agama Islam, bandjur kabojong marang nagara Demak.

Satekané ing nagara Demak, Sang Putri Tjempa njuwun pangaksama ing Allah, kalajan pamusti bisaa anunggal kang raka Sang Prabu Brawidjaja, suwé-suwé katarima, Sang Putri murud muksa kuwandané, pinèngetan sédané Putri Tjempa nunggal taun karo bedahé nagara Madjapahit, sinangkalan: Sirna ilang kirtaning bumi — 1400, taun Maséhi 1478.

Kaol, sasédané Sang Prabu Brawidjaja, Kangdjeng Susuhunan Giri djumeneng Ratu ing Madjapahit, mung sadjroning 40 dina, prelu anjirnakaké agama Buddha, sarta angobongi lajang-lajang kawruh Buddha kabèh, wis rampung.

Kang disirnakaké kaja ta: retja-retja kang kaanggep brahala sinembah, tjandi-tjandi, lajang wéda kang gawat-gawat, mung upa-tjara kaprabon lan bangsal Pangrawit kabojong marang ing Demak kanggo sarambi ing Masdjid.

KARADJAN ISLAM ING DEMAK

Sawisé rampung prang saha lerem, Sang Natapradja djumeneng manèh dadi Adipati utawa Sultan, asma Panembahan Djimbun Adi Panatagama Sénapati Ingalaga Panembahan Palémbang.

Kotjap, putra-mantu Sri Brawidjaja Pamekas, kang asma Sang Adipati Andajaningrat ing Pengging (nalika timuré aran Djaka Bodo), wis sepuh bandjur séda, tinggal putra kakung loro, kang tuwa asma Kebo Kanigara, kang anom asma Kebo Kenanga.

Ki Kebo Kanigara, lumuh banget angrasuk agama Islam, bandjur tapa ana ing alas, nulj séda, akèh sakabaté kang pada béla.

Ki Kebo Kenanga, saka kawekèning galih gelem anglakoni agama Islam, mula bandjur gumanti kang rama dadi Adipati ing Pengging, asma nunggak semi asma Adipati Andajaningrat, sawatara masa Sang Adipati anggeguru marang Sèch Sitidjenar, bandjur lumuh marang agama Islam.

Sèch Sitidjenar, Wali kang katjarita kadadijan saka tjatjing lur, murtat saka ing agama Islam, bandjur kaukum kisas déning para Wali, djalaran bandjur akèh kang mentjaraké agama Buddha, Sèch Sitidjenar wis sirna.

Bareng Sèch Sitidjenar séda, Sang Adipati Andajaningrat panggalihé malik ambuwang agama Islam, sarta njèlèhaké kapraboné, mung djumeneng Kjai Ageng Pengging baé.

Kangdjeng Sultan ing Demak pirembugan karo para Wali, arsa animbali Kjai Ageng Pengging, Patih Wreda Wanapala (Wanasalam) kang wis ginentèn putrané kang aran Patih Mangkurat, diutus animbali, Ki Patih Wreda mangkat, tumekané ing Pengging katemu karo Kjai Ageng Pengging, Kjai Ageng matur semaja sadjroning telung taun, Ki Patih Wreda Wanasalam bali, wis matur ing Sang Nata.

Titi-masané Kjai Ageng Pengging wis tumeka telung taun anggoné sanggem séba marang ing Demak.

Sang Nata angutus Sunan Kudus animbali marang Kjai Ageng Pengging, satumekaning Pengging, Kjai Ageng puguh, bandjur kakisas marang Sunan Kudus, Kjai Ageng Pengging wis tumeka ing séda.

**PRIMBON BETUWAHE KANGDJENG SUSUHUNAN
KALIDJAGA**

Punika petikan buku pèngetan Parimbon, kagunganipun Inggang Sinuhun Kali Djaga, Wali Gos ing tanah Djawi, inggang sumaré ing astana dukuh Kadilangu, bawah kita Demak.

Pangkat Sapisan — Ismu Sindung

Punika Ismu Sindung, agemipun Inggang Sinuhun Kali Djaga, inggang winulangaken dateng Inggang Sinuhun Sultan inggang angrenggani karaton ing Padjang, kala taksih nama mas Karèbèt, Djaka dusun Tingkir, bawah kuta Salatiga, nalika pepanggihan wonten gisiking dusun Butuh, winastan Ismu Sindung.

Bilih arsa ngagem, kapetik satunggal bab, lampahipun mutih pitung dinten pitung dalu — nglowong sadinten sadalu — atjegah sahwat. Bilih arsa ngagem sareng sadaja, lampahipun mutih kawan dasa dinten saha dalu — nglowong pitung dinten miwah dalu. Rijajanipun angsum dahar Kangdjeng Nabi Muchammad Rasulu'llah, sekul wuduk sapirantosipun, ajam petak mulus tukang tjènggèr sanggar dalima, kadonganana, donga Memulé.

1 Bab, bilih arsa nenuwun dateng Inggang Murbèng Gesang, punapa inggang sinedya, winatja saben kèndel wantji bedug dalu kaping 3, wonten palataran mawi dedupa.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, Sindung liwung amba minta tulung ing Tuwan, tulungana amba ing gandjaran wisésa, tjemeti Ratu sugih, ja aku radjeg wesi Purasani, saking swarga, Djalalu'llah padang Djajakusuma, remek rempu wong sanagara kabèh, la ilaha illa'llah.”

2 Bab, bilih arsa kinèdèpan sesamaning djanma, kawatek saben medal saking wisma badé lenggah kaping 3.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, Sindung liwung liwang-liwung, teka wurung sedjamu, sedjaku teka ngremet atiné wong sanagara, Djabarail angremet dagingmu, Mikail angremet bebalungmu, 'Israpil angremet njawamu, 'Idjrail angremet ngalap patimu, leburmu remek rempelumu, remek rempu wong sanagara kabèh, aku Radja Lanang Djuwita, aku Kusuma Liwungdjati, remek idep kèdep wong sanagara kabèh, la ilaha illa'llah.”

3 Bab, bilih arsa mlumpat tebih nglumpati narmada.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, hèn hèn, aku Djaranpanolèh, angemot bumi langit, aku miber angemot swara naraka, aku miber angemot kursi lawan 'arasj, aku miber aku Rasulu'llah, lan ana pangajunaning Allah, la ilaha illa'llah.”

4 Bab, bilih arsa ngilang raga sampun katingalan djanma.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ingsun Sindung patup si Djaranpanolèh, ingsun ana ngajunan sipat djalal, pangajunané raga suksma,

ingsun Sindung sètu ana pangajunané sipat kamal, pangajunané ora katon, Allah amurba amisésa, djagad kabèh, arupa sètu, Djabarail ing ngarepku, Mikail ing buriku remeng, Katibin kiwa-tengenku, arupa sasedjaku Allah, amurba amisésa ing darat ing laut, gunung geni ing darat sampurna Allah, ora lali ora kumpul kalawan Allah, ia ilaha illa'llah."

5 Bab, bilih arsa molah-malih warna katah rupi-rupi.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, aku Sindung sèwu, adodod ing Allah ta'ala, sipat kamal gegelangé Allah, sipat djamal Allah ing guwagarba, dèn lungguh ing Manik Maja, dèn lungguh ing sedjaku, déning Allahé, tegesé angalem putihé apa Allah, lairku salah warna, putih kuning idjo, malah dadi sèwu sakedèp nétra, la ilaha illa'llah."

6 Bab, bilih arsa sontan-santun warna, sepuh kapirsa semu nèm, nèm semu sepuh, bagus semu awon, awon semu bagus, ageng semu kera, kera semu sedeng gadah sereng.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ingsun anglindungan, si Sindung dadi kulambiku, akaharuhu si Liwung, ja kamaluhu sedjaku, dadi makutaku, ja si djalaluhu si Liwung katingala jahuha, ja kamaruhu si Sindung Rasulu'llah Sam kang tengen kang kiwa, sakatahing nabi lan wali dadi sijungku kiwa tengen, wudjud djagad pramudita, takmut dadi sapulukan, la ilaha illa'llah."

7 Bab, bilih arsa warna sakalangkung ageng ngedalaken triw-krama, kadi Sang Prabu Ardjunasasrabau.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, liwang-liwung kanguwung, aku djagad ora na mungsubmu, djalalu'llah djamalu'llah wus nora nana mungsubmu, hamalu'llah kaharu'llah nora nana mungsubmu, amasésa wong sadjagad kabèh, la ilaha illa'llah."

8 Bab, bilih arsa sekti boten wonten kang njamèni.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, liwang-liwung kasindung, kaduwung, tjat ora katon saking karsaning Allah, anuntun badanku, la ilaha illa'llah."

9 Bab, bilih arsa anulak sadaja bilahi, sarta anjirnakaken sadaja pialaning tijang, kados ta: tudju teluh, sesarat sasaminé, asinung wiludjeng.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, aku Sindung sèwu, sipat djalal ing ngarepku, sipat djamal ing buriku, sipat kamal ing tengenku, sipat kahar ing kiwaku, Djabarail Mikail 'Israpil 'Idjrail ana duwurku, Rasulu'llah kang masésa maring kahar kamal djamal djalal, la ilaha illa'llah."

10 Bab, bilih arsa njepeng tijang ngamuk, tijang éwah, tijang napsu, tijang dursila, utawi mangsah prang sasaminipun murih lereming manah.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, aku Sindung sèwu, kaliwungan, aku anèng lawangku, ing rabbanijah, ing sipat rahmanijah, miber liwung binekta Ratu wisésa, wuluku Djabarail Mikail 'Israpil Idjrail, améntjok mabur, binekta ing widadari, kinemulan tapihé klambi Antakusuma, la ilaha illa'llah.”

11 Bab, bilih arsa saged mumbul, bilih aprang kinepang mengsah.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, aku Sindung aliwungan, liwang-liwung aku ana kéné, anungku sugih, sampurnaku — wisésaku dju-meneng ana pulo Kentjana, angratoni rasa kabèh, rohing banju rohing geni rohing wesi, rohing nabi, rohing wali mukmin, rohing malaékat, rohing sétan, rohing buwana kabèh, sujud kèrut angidep, sakèhing dumadi kabèh, iku Ratumu ana dadaning manusa, iku Ratu amangku Allah, Ratu ananingsun kabèh, kaharuhu illa'llah akamalu-luhu, Allah djamaluhu, la ilaha illa'llah.”

12 Bab, bilih arsa ngantjing nguntji sadaja Ismu Sindung, supados boten ontjat, tinarimaha tumanem ing galih kang angagem.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, aku Ratu agung lungguh ana wisma pager bata mulja mutyara, kuwasané anawung Ratu, sugih Nabi Ratu agung, menga mineb tan ana kèri sawidji winengku, la ilaha illa'llah.”

Pangkat Kapindo — Ismu Djedjer

Punika Ismu Djedjer, agemipun Ingkang Sinuhun Kali Djaga, kawasijataken dateng Kangdjeng Panembahan Sénapati Ingalaga, ingkang ambawani pradja ing Mataram, nalika taksih nama Ngabèhi Loring Pasar, winulangaken wonten ing dukuh Wanamarta.

1 Bab, ismu kawateka bilih siram, ageming Naréndra.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ingsun nijat adus adus banju pantjaran talaga manik, adusku mani wisésa, linenganan binorèhan, ija ingsun anaké Pandita Sekti, alanang sadjati, Kalana Djajapurusa, ija ingsun manusa kang kinèringan katresnanan wong saumatira Allah iku kabèh, la ilaha illa'llah.”

2 Bab, ismu bilih badé uninga kudratira pribadi, sarta kudraté djanma lija, anjawanga wewajangané wudjud kang hakiki, saben badé matek mapanna ing enggèn kang sepi swara, angeningaken pantjadrija, andjudjuraken tanadju'tarkiné, mindenga paningal sadjati lenging maripat. Déné lampahipun siram sesutji saben ing dinten Rebo, sontenipun amatek ismu punika kaping 7.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, kamdil swara, lungguhira wewajangan putih rupané, maletjit, malangka maring Djatiwisésa, la ilaha illa'llah.”

3 Bab, bilih arsa angirup rahsaning manusa, tuwin angirup andatengaken sadaja ingkang kumelip wonten ing dunja, murih sami sujud tresna, sarta panuwun nedya antuk daradajat pangkat luhur nglangkungi ingkang sampun linampahan, winastan Ismu Tjahja 40. Lampahipun mutih pitung dinten lan dalu — nglowong sadinten sadalu, patraping raga lan panggènan, miwah rijaja angsung dahar, kados ing nginggil wau.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, Suksmarasa, araningsun, urip aranira metu saking karsaningsun, ingsun angidepaken saudjar-ingsun, guru panutanira ingsun, Nabi - Pangéranira ingsun, ija ingsun angadeg tengahing djagad, ija ingsun mangku tjahjané wong iku kabèh, rahsanira rahsaningsun, tjahjanira tjahjaningsun, ingsun ana karatoning Allah, Retna-kumala, ingsun medalaken karsaning Pangéran, sakèhing kadang tuwuh pada ngidep kabèh, kang mati kang durung lair ingsun weruh sakatahing suksma djati suksma kakim, tjahjaku tjahja Muchammad-Rasulu'llah, sir putih katikel ing sih dat esah ing awakku, ija ingsun mangku njawané wong sadjagad kabèh pada tutut anut idep kèdep sumudjud marang aku, pada wedi asih tresna maring aku, ingsun tjahja satilèh, murub badan alus minangka retna, gumilang-gilang, langgeng uriping tjahja wisésa, gaib ingsun, amisésa tjahjaning wong sadjagad kabèh, apa ramé-ramé kuwé? gadjah meta ija ingsun saratiné, la ilaha illa'llah.”

4 Bab, ismu bilih arsa nenuwun ing Allah ta'ala, punapa ingkang sinedya sawawratipun, manawi katarima angsal wasita.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, la ilaha illa'llah, imannanbila, la ilaha illa'llah, jakinnanbilah, la ilaha illa'llah, Muchammad Rasulu'llah, kanuh, la ilaha illa'llah, imannanwatasdika, la ilaha illa'llah halahupanwaridjika, la ilaha illa'llah Muchammad Rasulu'llah, wa salla'llahu 'ala sajjidina Muchammadin wa 'alaihi wa sabihi wasallim.”

5 Bab, ismu agemipun Sajidina 'Ali Asadu'llah, bilih arsa teguh datan pasah kataman gegaman, sinung kuwawi angkat barang kang awrat, sanès murwatipun. Lampahipun pasa salikur dinten, bilih bibar buka sonten, sadalu pasa malih dumugi sonten dahar — nglowong sadinten sadalu — tjegah sahwat. Rijajanipun miludjengaken bubur surba, angsung dahar Sajidina 'Ali Asadu'llah.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, la kaola wa la chuwatta illa ali sakchali, iladulpoholi 'alaihissalam, Muchammad wa alihi adjemangin, bi rahmatika ja archammarochimmin, la ilaha illa'llah.”

6 Bab, ismu bilih arsa raganira boten kasumerepan manusa, saged juwana boten kénging piala panjidra djanma. Lampahipun utawi patrapipun kados kasebut ing nginggil, sarta saréja sadinten sadalu amung kalih djam. Déné rijajanipun angsung dahar Kangdjeng Nabi Muchammad Rasulu'llah, sekul wuduk ulam ajam putih.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, bis kulit, mil daging, lah bebalungku, bis teguh, mil luput, lah kang ora katon.”

7 Bab, ismu patimbulan, bilih arsa mepes dajaning gegaman, wesi kawasa — wadja landep — pamor ampuh. Lampahipun pasa tigang dinten, kakawitan dinten Senèn, Kemis anglowong sadinten sadalu — boten saré. Rijaja angsung dahar kados kasebut ing nginggil.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, tjihnanira kajun lawan baka, sakèhing gegaman wesi wadja pamor, tumbak keris pedang sapepadané, ora nedasi maring kulit daging balung sungsum otot lan wuluku, ingsun sadjatiné manusa, la ilaha illa'llah.”

8 Bab, ismu Bradjamusti, bilih arsa juwana teguh rosa kinawasa. Lampahipun mutih pitung dinten saha dalu — nglowong sadinten sadalu — boten saré — sarwi lumampah. Salebetipun anglampahi: saré sapisan djam 2 dalu, djam 5 éndjing wungu, la-djeng siram gebjur. Rijaja bubur surba ingkang gurih, angsung dahar Sajidina 'Ali.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, tjakban, badan otot rantas, balung tigas, ingsun-gegem katjekel remek rempu, remuk dadi banju, ija ingsun adji Bradjamusti, la ilaha illa'llah.”

9 Bab, ismu panglèngkètan, bilih arsa para padu sarta njepeng tijang, sampun ngantos saged ébah saking enggèn. Lampahipun pasa tigang dinten — nglowong sadinten sadalu — boten saré — salebetipun kawan dasa dinten tjegah hawa napsu miwah sahwat. Rijajanipun angsung dahar ing Kangdjeng Nabi Muchammad Rasulu'llah, sekul wuduk ingkang gurih, sapirantosipun, ulam ajam, tigan ingkang anjar, tjatjah miturut naptuning dinten lan pasaran wedalanipun, sekar kantil lan melati 5 djodo, konjoh wangi ladjeng kagem.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ing rasa kang ana putjuring dzat, arupa ireng, ija iku kang aran Muchammad Rasulu'llah, kang sadjatiné, i Muchammadi kelèta nggonmu lungguh, Allah paréntah, lam ha ja ain, sin sot.”

Bilih sampun angèsti punika, lidahira katekuka manginggil madal tjetak.

10 Bab, ismu bilih arsa rerebagan ingkang prelu, akalihan djanma, murih unggulipun pangandika, tijang wau kodenga, sampun ngantos angsal pamanggih saged mangsuli. Lampahipun kados kasebut ing nginggil.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, barang guntur amuk, tanpa tuduh, gadjah meta tanpa tudjah, urub geni guntur sirep, lamun arsa Allah nglebur Sang Hjang Kala, la laha illa'llah.”

11 Bab, ismu bilih arsa kèdep tinurut sapa paréntahé maring djanmi. Lampahipun wiludjengan sami kalihan bab 1.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, hikukum hikukum, tjunduk suhé Sajidina 'Ali Asadu'llah, metu sak-ku papat kang anggawa

tjoba sèwu, ah aku adjiné reksanira ingsun, atulus sapa katingal balèkna, kang ameksa patènana, poma-poma direksa, katap menep tjunduk suhé Sajidina 'Ali Asadu'llah, metu sakku papat kang anggawa bala njèwu, aku adjiné si sabawa sèwu, la ilaha illa'llah."

12 Bab, pangandikané Kangdjeng Nabi Muchammad-Rasulu'llah salla'llahu 'alaihi wasallam, sing sapa matja donga iki, lamun arep-arepan kalawan mungsuh, miwah kéwan galak, jakti tan bisa ngobahaké sirah suku tangan ragané, ora bisa lawan saranduné badané. Lampah-lampahipun wiludjengan sami kalihan bab 1.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ja kaju, ja 'alimu, ja 'aliju, ja 'apiju, ja ganiju, wa sallahu 'alaija, gahirikolbihi, Muchammad wa allihi adjdjemingin, summumbukmumngum, mjumpahum la dadjingun, summumbukmumngum, mjumpahum la ja kilun, summumbukmumngum, mjumpahum la jutlamun, summumbukmumngum, mjumpahum la jasmangun, la kaola wa la kuwatta illa bilail 'alijilngalim."

Pangkat Kaping telu — Ismu Ladjer

Punika Ismu Ladjer, agemipun Inggang Sinuhun Kalj Djaga, nalika asesilih nama Kijahi Bratasupana, kawasijataken dateng Inggang Sinuhun Kangdjeng Susuhunan Pakubuwana Sapisan, ingkang djumeneng ing karaton Kartasura, nalika taksih nama Kangdjeng Pangéran Puger, pamulangipun wonten karaton Mataram.

Bilih bibar nglampahi salah-satunggalipun, nunten rijaja sekul wuduk sapirantosipun, ingkang pepak, ulam sawung petak mulus tukung tjénggèr dalima, sekar borèh, angung dahar Kangdjeng Nabi Muchammad-Rasulu'llah, salla'llahu 'alaihi wasallam.

1 Bab, ismu bilih siram saben dinten sinung kuwawi.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, Djambanijah Prajatjitra, ingsun adus ngedusi tjahja nurbuwat, kang tumiba ana ingsun, teguh timbul ora katon, bumi ambarkahi, djagad angung kuwat, kepjuring ati njawa njangking raga, kang tjuri-tjuri pager gunung ratu mulja, saisining buwana kabèh mendek prek ing ngarepku, tjahjaku kaja tanggal patbelas, mentjorongé sumoroté, bunderé-bunderé gilar-gilaré, ija ingsun urip salawasé, Allahu akbar."

2 Bab, ismu bilih mentas siram, medal saking djawi djamban.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, mentas-sun adus banju madu pinastika, ana ing gedong kentjana manik, adegku iman sampurna, sutji mani raga djati muljaning dzat, iman murub sampurnaning Allah."

3 Bab, ismu bilih dandos murih katingal nèm.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, kuwung-kuwung ing dadaku, tjandra kembar tingalku, tédja murub ing tjahjaku, ketjlap-ketjlap guwajaku, pupurku ron gandapura, amanis ing pasemonku, murub mubjar ing raiku, mantjorong kadi purnama, wa 'alaihi wasallam."

Nuli njampingan utawa bebedan.

„Sun abusana pepaésaning manusa, bebedku Allah, sabukku Muchammad, klambiku Rasulu'llah, Sang Hjang Wisnu solah-swabawaku, sampurna busana kentjana, adegku iman sampurna, sakèh djanma mendek prek ing ngarepku, la ilaha illa'llah.”

4 Bab, ismu bilih tumindak lumampah, murih kèdepan sinujudan katresnanan sakatahing manusa.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, djumenenga imaningsun, Nabi Muchammad Rasulu'llah, djumenenga atiningsun, Sang Hjang Kembar-rupa, Sang Hjang Kama-luwih, djumenenga sir-rasaningsun, para malaékat mukarap pada mandjinga raganingsun, lintang Djohar tumantjep ing tjahjaningsun, ja hu kun pajakun bakin, la ilaha illa'llah.”

5 Bab, ismu bilih sampun lungguh, wonten ing pundi panggènan.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ingsun-watek kaja rembulan badanku, srengéngé nur tjahja saking tjahja luwih, ja aku paésaning bumi, ja aku sekaring djagad, panduluné wong sadjagad kabèh, gedé tjilik anom tuwa, lanang wadon, pada welas asih kèdep-lerépa manut-mituruta saporéntahku, mendek prek ing ngarepku, saking karsaning Allah, la ilaha illa'llah.”

6 Bab, ismu bilih arsa nenuwun ing Allah. Lamun badé njuwun daradjat winatek wantji djam 4 éndjing, madjeng mangétan, lamun njuwun redjeki winateka wantji djam 2 dalu, madjeng mangalèr, lamun njuwun garwa winatekna djam 10 sonten, madjeng ing pundi wismanipun kang sinedya, kawatja kaping 100 wonten palataran.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, gedong suksmaku, tutup suksmaku, kantjing suksmaku, malebu murub metu murub ja rasa ja Rasulu'llah.”

7 Bab, ismu bilih panggalih kraos ketir-ketir, deg-degan, maras. Saben badé saré — wungu saré kawatja kaping 3.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, rubbillah Rasulu'llah, metu murub ing dzatu'llah, Allah mosik djroning rasa, ja rasa ja Rasulu'llah, ja rasa ja Allah, ja panguwasaningsun ja panguwasaning Allah, la ilaha illa'llah.”

8 Bab, ismu panglerepan manahing tijang, bilih para paben, sampun tuwuh napsunipun. Lampahipun nglowong sadinten sadalu. Rijajané djadjan pasar, miludjengi sarira.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ingsun-watek adjiku si Gadjahdungkul, djabang baji si anu (kasebuta djenengé. Bilih tijang wau katah): djabang baji iku kabèh, tumungkula ana dengkulku, dinungkul mungkul saka karsaning Allah, ja hu Allah.”

9 Bab, bilih arsa memengsahan, apesa luluha ingkang raga, iliha manahipun, bilih njidra ndawahi dedamel sampun ngantos pasah. Lampahipun njirik ulam ambekan, sarta pala pendem, kawan dasa dinten lan dalu, tjegah sahwat, saré sapisan, nglowong sadinten sadalu, boten saré. Rijajanipun djadjan pasar, miludjengi erah.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, girang-girang manu girang, sampurna wis djaja, ja aku kang sampurna, luput djajaning nung, ja aku Allah kang kawasa, eh aku kang kawasa ja Allah, la ilaha illa'llah.”

10 Bab, ismu Bradjamusti, bilih arsa nebak tijang jakti pedjah, bilih kagegem jekti lumpuh tanpa baju. Lampahipun mutih dahar ketan kawan dasa dinten, nglowong sadinten sadalu, anggegem ketan, boten saré, éndjing dahar. Rijajanipun bubur surba kang gurih, angsung dahar Sajidina 'Ali, kadonganana pijambak, punika dongané.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, Allahumma Radja Suléman, tulak tanggul Radja Suléman, panudung Radja Saléman, kiri kara Sang Galeberputih tulak Sang Radja Suléman, dzat Suléman, tjahjané tunggal tjahjaku, tjahja kang wisésa, aranku Djalaluhu ipat-ipating Pangéran, sabat Suléman, sabat Suléman, sabat Suléman, sabat Suléman, bjar Suléman, bjar Suléman, bjar Suléman, ragaku Radja Suléman, ragaku Radja Suléman, ragaku Radja Suléman, bi rahmatka ja archamarochimin.”

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, tarip tirap ing dadaku, Kalatjakra ing gigirku, barat prahara ing napasku, gelap ngampar ing swaraku, pukul wesi èpèk-èpèkku, kepelaku watu, buta kang sun-tradjang remak rempu, eh, ja aku Bradjamusti, la ilaha illa'llah.”

11 Bab, ismu Tjandabirawa, murih kèringan sasama. Lampahipun mutih pitung dinten saha dalu — nglowong sadinten sadalu — boten saré — mepet pangandika.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, salla'llahu 'alaihi wasallam, Allahumma tulis-amba, angutjap amba, angrungu swarané, kun pajakun mudjidjet sipatu'llah eh, ingsun sadjatiné manusa”.

Sarwi andjedjeg siti kaping 3 kalajan megeng napas. Tuwin njirik sogok-sogok wadja sarana kenaka.

12 Bab, ismunipun peksi prekutut, bilih arsa kuwat ingkang sarira, tebih lumampah, pandjang kang juswa. Kawatja saben éndjing kaping 7, sonten kaping 7, manawi badé nglampahi nglowong sadinten sadalu. Rijaja djadjan pasar.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, Allahumma husawisun, sudur-nasi minaldjinati wanasi, la ilaha illa'llah.”

Pangkat kaping Pat — Ismu Pamiraos

Punika Ismu Pamiraos, agemipun ingkang Sinuhun Kali Djaga, lumantar saking Pangéran Widjil ingkang kaping 3, kapundut wasijat winulangaken dateng Inkang Sinuhun Kangdjeng Susuhunan

Pakubuwana ingkang kaping 3, ing Surakarta, ingkang apeparab Kangdjeng Susuhunan Swarga.

Kapetik ing ngriki namung kalih bab ingkang prelu kémawon.

1 Bab, bilih arsa nglampahi siram sesutji, saben ing dinten Senèn Pon, Djum'at Legi, lan Ahad Wagé, siramipun para Wali ing pulo Djawi, kénging kagem ing pandjenengan-dalem Sri Naréndra, sarat kedah wonten ing tirta mili punapa tirta pantjuran.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ingsun adus ing talaga kalkahosar, amantjur saka tuk putih, antjik-antjikku watu gilang, dinusan kinramasan, dinusaké ing guna, kinramasaken sakèh supata, ija ingsun anané Pandita Sekti, alanang sadjati, ingsun tan kena tuwa salawasé, kang amurba djagad iki kabèh, Allahu akbar.”

2 Bab, ismu bilih mentas saking siram medal ing djawi.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, salla'llahu 'alaihi wasallam, mentasku adus katurunan tjahja nurbuwat Nabi Muchammad Rasulu'llah, gumilang-gilang kadi wulan purnama, amadangi djagad iki kabèh, telesing hèrnawa ora mung ngedusi raga, angulihaken kamané, si bapa si bijung, miwah njiram ngajemi sadulur papat, bumi miwah langit kang neksèni, salla'llahu 'alajhi wasallam, la kahola walakuwatta, ila birobil'alajil 'alim.”

3 Bab, ngantos dumugi : 12 Bab, boten kapetik ing ngriki.

Pangkat kaping Lima Tarèk angudi Rahsaning Sukenja

Punika Tarèkipun angudi Rahsaning Sukenja, asmaranipun ingkang Sinuhun Kali Djaga, ingkang sampun kapundut betuwah dateng ingkang Sinuhun Kangdjeng Susuhunan Pakubuwana ingkang kaping 4, ing Surakarta, ingkang apeparab Kangdjeng Susuhunan Bagus, piwulang punika wedaripun lumantar saking Pangéran Widjil ingkang kaping 3.

Kapetik ing ngriki namung sangang bab ingkang prelu kémawon.

1 Bab, ismu panawangan bilih arsa pariksa kudratipun manusa, badé kados pundi ing tembé ingkang linampahan, raganira pribadi tuwin djanma sanèsipun. Tapanipun sabar rila narima ènget, jakti sinungan waspada, sarta ing dalu sampun saré bilih dèrèng ambaljut.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, ing tingalingsun terus bumi sapitu, smara pitu, terus maring karsaningsun, ingkang adoh katon ingkang parek katon, panggawéné ingkang ala ingkang betjik, atiraganira sianu (aku) sadjroning paningaling Allah, ingsun Sang Manik Maja Putih, lenging ma'rifat sutji, duwé tjahja saking Pangéran, ja hu Allah, ja hu Allah, la ilaha illa'llah.”

2 Bab, ismu patinggengan, tegesipun bilih arsa nitik awon-saéning tindak-kalakuwanipun wanodya, manawi darbé watek ala sirnaa, ingkang saé lestarija.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, si Langkir anak-anak djungung, teka bingung, tjeg geng tjeg geng tinggeng, anaké si Rahaju, lelaku diiring Wali, pinajungan para Nabi, ateken Allah, sedja aju salakumu, aju saking karsaning Allah.”

3 Bab, ismu bilih arsa mendet juwanané murih tentrem hawa-kekarepanira wanodya, lulut-tumutura sakarsaning prija, tinebilna para padu, lestarija salama.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, sarining rasa, rasau'llah, dza-tu'llah, lagi apa sira? adja lali tapa padelengé wong urip, denken guluné wong wadon, ingsun angadeg lanang sadjati, datan ana kang memada.”

4 Bab, ismu bilih arsa wajah, garwa kekalih arsa pinardi rukun runtut datan brawala sulajèng karsa. Punika winateka lamun nudju saré, èpèk-èpèk astanira kekepna sanubariné, kaprenahna ngandap susuné garwané ingkang kiwa, amurih runtuting karsa.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, hu ananingsun, hu ananira, achadijat ingaran kandil, azali abadi, eh dengkul, eh dengkul, eh dengkul, tumungkula sadina adja tumenga, tilikana tetunggalanira, ja ingsun katunggalanira, ja ingsun weruh ing bakalira, lanang mustika jekti, djagi tan kena mosik, Allah amurba amisésa, sapa kang misésa marang sira? ja ingsun kang misésa marang sira, teka welas teka asih atiné si anu, maring ingsun lan marang si anu, saking karsaning Allah, la ilaha illa'llah.”

5 Bab, ismu Kebo tjepaka, murih salaki-rabi runtuta sampun ngantos benggang katresnané, ing salaminé. Lampahipun mutih gangsal dinten lan dalu — nglowong sadinten sadalu, bilih arsa ngangkah tijang sageda sarudjuk sadalu wau, sampun saré sadalu, ngèstija warnané kang kaangkah, kaangkah darbéja éling.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, bismi'llahi ingsun Kembang-tjepaka, uwit baka, ron kaja méga, kembang kaja lintang, sekar kaja srengéngé, tirem kaja rembulan, teka welas teka asih si anu marang ingsun, la ilaha illa'llah.”

6 Bab, bilih arsa saresmi akalihan sukenja, murih hawaning dyah rumasuk ing prija, supados mewahi kijating raga.

„Bismi'llahi'rrahmani'rrahimi, bismi'llahi telas sarirané si Kamadesti, anakku si Ganakumara, sun-kon ndjupuk sariné wong wadon iki, ilanga rarasé karija karsané, ingsun kuwat lanang sadjati.”

Bilih neres rahsaning sukenja, murih suka datan tjuwa:

„Bismi'llahi warchamnun, waréjchanun, waldjanatunnangin, la ilaha illa'llah.”

7 Bab, ismu bilih kénging wisaja, katjidra pawèstri, murih sampun tumama, kempa-gelaa dateng djanma sanès ingkang sarira,

mila kabirata saking adji Gineng Prija, sageda sirna waluja djati, sarta rinuwataken tambah raosing retina.

„Salla'llahu 'alaihi wasallam, sun-watek adjiku si Bandung Gineng Bandawasa, kulitingsun tembaga, ototingsun kawat, balungingsun wesi, sungsumingsun timah pratéla, tjumetèt gumerèt alot kélot-kélot, eh, ja iki adjiningsun Bandung Gineng Bandawasa.”

Punika wan kawatek satengahing saresmi.

8 Bab, 9 Bab, lan 10 Bab, boten kapetik ing ngriki.

11 Bab, bilih sampun tumanem ing asmara, kawateka.

„Bismi'llahi ingsun waranané Kang Kawasa, andadèkaké ing satjiptaningsun, anekakaké karsaningsun, saka ing kudratu'llah, sun-watek adjiku si Matjanputih, hu tètèsing banju urip, urip saking karsaning Allah, ja hu Allah, ja hu Allah, ja hu Allah.”

Sarwi ngaras galikun illawadjwah, punika tantjeping Nur Muchammad lan ing gesang, kaprenah tengahing imba kaapit kiwa tengen.

12 Bab, bilih sampun angandeg titis sawulan, ngagema isarat djimat radjah, tongkatipun Kangdjeng Nabi Musa, 'alaihi wasallam, kaserat ing dalantjang petak, kabuntel ing mori sinungan tampar, kagem sangsangan tumèmplèk tenggok djangga, leres malaku'lhajat, punika keketek, bilih siram sarta wonten prelu kénging dipun selèhaken, amung sasampuning prelu sampun kasupèn kaagem malih, dumugi babaring djabang baji, kang awit punika ambarkahi nulak sakatahing wisaja ingkang murih piala, tumrapping raré widada sulistyèng warni, lantip ing panggraita, prawira santosa.

✿ = بِرَحْمَةِ رَبِّكَ الْعَلِيمِ ✿

PANITIKING WIDJI KANG BAKAL DUMADI

Utawi panitiking satjumbana, bilih arsa tumètèsing nutpah; bilih ingkang andarbèni grengseng sengsem ingkang wanita, badé kadadosan weka prija, bilih ingkang andarbèni sengsem grengseng ingkang kakung, badé ngwontenaken suta pawèstri, sabab pawèstri kanggènan roh rahmani, kawasèng prija, kanggènan roh djasmani, kawasèng putri, mila wonten bebasan sadjatining lanang lawan wadon, karaosing swathataga, wiwit ngantos narik rem-reming swatnjana, tumètèsing nutpah katadahan uritaning dyah, kang amekar pinda puspita mantjorong lir retina, rentah tibèng talanakan, ngantos dumadya getering sekar kastuba, saking karaos asrep tjes narik getering malaku'lhajat, ing djangga tenggok, geteripun ngantos satus dinten, kawewahan tjowonging luwakan nétra, sumilaking wadana, mekaring raga, ananging sarira wau karaos lesu saking kengkeng sadaja, amargi rahsa katjitra Kang Murwèng Gaib, saranduning sarira, mila kakung putri tuwuh ing pepènginan, winastan idam - idam kaworan, kasebut raos dajaning roh wau.

KIDUNGAN

Kidung sapisan KIDUNG RUMEKSA ING WENGI

1. Ana kidung rumeksa ing wengi, teguh aju luputa ing lara, adoh ing bilahi kabèh, djin sétan datan purun, paneluhan tenung tan wani, miwah panggawé ala, gunaning wong luput, geni atemahan tirta, maling arda tan ana ngarah ing kami, guna tudju pan sirna.
2. Sakèhing lara pan samja bali, sagunging ama késah miruda, wedi asih panduluné, sakèhing bradja luput, kadi kapuk kapok nibani, salwiring wisa tawa, sato galak tutut, kaju aèng lemah sangar, songing landak guwa lowong lemah miring, mjang pakiponing merak.
3. Pagupakaning warak sakalir, miwah artja lan sagara alas, temahan rahaju kabèh, bagja sarira aju, ingideran kang widhadari, rineksèng malaékat, sakatahing rusul, pan dadya sarira tunggal, ati Adam utekku Bagénda Esis, pangutjapku ja Musa.
4. Napasku Nabi 'Isa linuwih, Nabi Jakub pamijarsaningwang, Jusuf ing rupaku reké, Nabi Dawud swaraku, Djeng Suléman kasektèn-mami, Ibrahim kang anjawa, Idris ing rambutku, Bagéndáli kulitingwang, Abu Bakar getih daging 'Umar singgih, balung Bagénda 'Usman.
5. Sungsumku Fatimah kang linuwih, Sitti Aminah bajuning angga, Ajub minangka ususé, Nabi Enuh djedjantung, Nabi Junus ing otot-mami, tjahjaku ja Muchammad, panduluku Rasul, pina-jungan Adam sjara', sampun sangkep sakèhing nabi mjang wali, dadya sarira tunggal.
6. Widji sawidji mulané dadi, pentjar dumadi sèsining djagad, kasamadan déning Dzaté, sing-a matja mjang ngrungu, kang anurat tuwin nimpeni, sung rahajuning badan, kinarja sesembur, sira watjakna ing toja, kinarja dus rara tuwa aglis laki, wong owah kèh waluja.
7. Lamun arsa tulus nandur pari, puwasaa sawengi sadina, iderana galengané, watjanen kidung iku, sakèh ama tan ana wani, lamun kinarja aprang, watjakna ing sekul, antuka tigang pulukan, mengsahira lerep datan ana wani, widada ing pajudan.
8. Déné jèn tan bisa matja kaki, winewera kinarjaa djimat, teguh slamet panemuné, lamun ginawé nglurug, mengsahira datan udani, luput sandjata uwa, iku pamrihipun, sabarang pakarjanira, pan rineksa maring Hjang Kang Maha Sutji, sakarsané tinekan.

9. Lamun ana wong kabanda kaki, mjang kadenda wit kabotan utang, poma kidung iku reké, watjanen tengah dalu, ping salawé wangené singgih, utjul ingkang binanda, kang dinenda wurung, sadosané ingapura, wong kang utang sinauran ing Hjang Widdhi, kang agring dadya waras.

10. Sing sapa reké arsa nglakoni, amutiha lawan anawaa, patang puluh dina baé, lan tangi wektu subuh, miwah sabar sukuran ati, insja Allah tinekan, sakarsanirèku, tumrah sanak-rajatira, saking sawabing 'ilmu pangiket-mami, duk anèng Kali Djaga.

Kidung kaping kalih KIDUNG TEMBANG ARTATI

11. Ana kidung atembang Artati, (wonten pudji kaodjat, taksih sekar Dandangendis, kadjengipun madu lan manisé, sarta tegesing Artati: ar reta ati, widjangipun, ar: banju, reta: abrit, ati: manah, kadjengipun ambudi asreping napsu, punika manah santosa.) sapa reké weruh araningwang, (sinten wijosipun ingkang sumerep asmanipun pijambak.) duk ingsun ana ing ngaré, (nalika kawula wonten tanah ngaré, palatar.) miwah duk anèng gunung, (utawi nalika wonten paredèn.) Ki Artati lan Wisamarti, (budi santosa wau andadosaken panjireping wisa.) ngalih aran ping tiga, (ngalih nama kaping tiga.) Artadaja tèngsun, (dajaning napsu punika kasor déning pamarem.) araningsun duk djedjaka, (nama-nipun nalika bebadé.) mangkja aran Isma'il Djatimalengis, (punika 'ibarat djohar awal, inggih punika manik.) anèng tengahing tawang. (wonten telenging pandulu.)

12. Sapa weruh kembang tepus cha'ki, (sinten ingkang sumerep sekar wewangen dha'.) sasat weruh reké Artadaja, (prasasat mirsa wijosing kadajan napsu.) tunggal pantjer sauripé, (nunggil tantjep ing gesangipun.) sapa wruh ing panudju, (sinten ingkang sumerep parenganing manah.) sasat sugih pageré wesi, (prasasat kadunjan apager tosan.) sinihan wong sadjagad, (dipun senengi tijang sabuwana.) kang angidung iku, bratanana ajwa néndra, ing sadina sawengi sawabé betjik, sarwa tjinipta ana.

13. Kang sinedya tinekan Hjang Widdhi, kang kinarsan dumadakan kena, tur rineksèng Pangérané, nadyan tan weruh iku, lamun nedya mudya samadi, sesandj ing nagara, angumbara wiku, dumadya sarira tunggal, tunggal Djatiswara awor ing Artati, (djatining swara punika nunggil kalihan djatining rasa.) aran sekar Djempina. (nama sarining djohar.)

14. Somahira ingaran Padjari, (kantipun punika wiraos.) milu urip lawan milu pedjah, (tumulut gesang miwah tumulut pedjah, kalihan napas.) tan pisah ing saparané, (boten pisah sapurugipun.) paripurna satuhu, (nunggilaken kadjatènipun.) jèn nirmala waluja djati, (manawi lestantun waluja kadjatènipun.) kena ing kéné kana, ing wasananipun, adjedjuluk Adisuksma, Tjahja ening djumeneng anèng Artati, anom tan kena tuwa.

15. Tiga lana kamulanirèki, (tiga punika langgeng kamulanipun.) Nila ening arané duk gesang, (angin wening asmanipun nalika gesang.) duk mati Lajangsuksmané, (nalika pedjah suksmanipun dados waskita.) lan Suksmangumbarèku, (boten pisah kalihan suksma ngambara.) ing asmara mor raga jekti, (amoripun wonten raga dumunung ing kasenangan.) durung darbé peparab, (dèrèng gadah kekasih.) duk laréné iku, (nalika kalaréjanipun.) awajah bisa dodolan, (ing wantji saged angambah.) aran Sang Tyasdjati ija Sang Artati, (nama manah sadjati inggih rahsa sadjati.) ija Sang Artadaja, (inggih sang budi djaki.).

16. Dadya wisa mangkja amartani, (dados wisa inggih dados marta.) lamun marta temah amisaja, (tegesipun manawi binabar dados rubéda, jèn kaenengaken dados ening, dununging eneng punika ingkang santosa dateng godaning awon.) mila Artadaja rané, (mila winastan budi djaki, tegesipun manah sutji, jèn sutji ageng daja-prabawanipun.) duk lagja anèng gunung, (duk nalika wonten raga.) ngalih aran Asmaradjati, (ngalih nama sadjatining kasengseman.) wajah tumekèng tuwa, (wantji dumugi wewangen.) émut ibunipun, (èngget dunungipun.) tinari lunga mangétan, (dipun tantun késah dateng kamulanipun.) Ki Artati, anut gigiring Marapi, (tegesipun rasa anut kahananing Dzat.) angantjik ing Sundara. (anglenggahi rasaning pandulu.).

17. Ana pandita akarja wangsit, (wonten pandita adamel wewangsit.) mimba kombang angadjap ing tawang, (punika pralambanging Dzat, tegesipun swara punika saking djatining pandulu.) susuh angin ngendi nggoné, (tegesing susuhing angin punika djantung.) lawan galihing kangkung, (tegesipun pralambanging rahsa, kadjenging semu galihing kakung, dados mustikaning djaler.) wekasaning langit djaladri, ('ibarat wewangening sorot, saèstu tanpa wangenan.) isining wuluh wungwang, ('ibarat kahananing sir, awit wuluh wungwang punika tulupan, pandameling tulupan punika dumunung dados panudju.) mjang gigiring punglu, (tegesipun gigiring mimis, 'ibarat kaélokoning Dzat, déné boten arah boten enggèn, ananging mokal orané mesti anané.) tapaking kuntul anglajang, (punika pralambanging roh, déné wontenipun ing djasad boten wonten antawisipun.) paksi miber uluké ngungkuli langit, ('ibarat rosaning budi, wimbuh salebeting djasad-kita.) kusumândjrah ing tawang. ('ibarat kaju, tegesipun sari maratani wonten ing pandulu.).

18. Ngambil banju apikulan warih, ('ibaratjng manusa asal saking banju, kedah angingsep toja.) lawan amèt geni adedamar, miwah kang srengéngé piné, ('ibarat manusa asal ing geni, kedah angungsed latu.) tuwin kang banju kinum, ('ibarat lereming sedya, saèstu ngungkuli asreping toja.) mjang dahana murub kabesmi, ('ibarat tijang angubungi napsu.) bumi pinetak ingkang, ('ibarat asor nandang kapesan.) buwana katijup, ('ibarat tijang tanpa guna,

saèstu prasasat kapendem ingkang lebet.) tanggal pisan kapurnaman, ('ibarat insan kamil, tegesipun kala wiwit tumitah dumados insan kamil, sareng musnanipun wangsul dateng insan kamil malih, tegesing insan kamil manusa ingkang sampurna.) jèn anenun sentèg pisan anigasi, (punika 'ibarat supena, déné sampun ngambah 'alam kanjut ladjeng tangnipun wangsul 'alam dunja malih.) kuda ngrap ing pandangan. (punika 'ibarat angen-angen.).

19. Ana kaju apurwa sawidji, ('ibarat kaju, déné rumijin pijambak.) wit buwana epang kéblat papat, ('ibarat kahananing tjahja, njeroti kéblat papat.) agodong méga anginé, ('ibarat kahananing napsu, akalihan napas.) apredapa kekuwung, ('ibarat roh lan tjahja.) kembang lintang salaga langit, ('ibarat kahananing pramana.) sari andaru kilat, ('ibarat 'akal, déné dados serenging sorot.) woh surja lan têngsu, ('ibarat kunanging tingal, pating kalepjur.) asirat bun lawan udan, ('ibarat daging, déné tansah kasiraman toja saking djawi lebet.) apeputjuk akasa bungkah pratiwi, (punika 'ibarat sedyà, déné inggil kadjengipun, ananging kawengku djasad.) aojot baju badjra, ('ibarat kahananing njawa, tan pisah lan napas.).

20. Wiwitané duk anemu tjandi, (wiwitipun kala manggih panggènan.) gegedongan miwah pawerangkan, ('ibarat kinurung ing manah, kawerangkan déning djasad, inggih punika Dzat.) sihing Hjang kabesmi kabèh, (sihing Pangéran dumunung ing hawa sadaja.) tan ana djanma kang wruh, (boten wonten manusa ingkang sumerep.) jèn weruha purwané dadi, (jèn sumerepa witing kadadosan.) tjandi sagara wétan, (dumunung manah sakawit.) ingobar karuhun, (wonten ing hawa rumijin.) kahjangané Sang Hjang Tunggal, (dumunungipun ingkang sipat Esa.) sapa reké kang djumeneng mung Artati, (sinten wijosipun kang djumeneng amung tjahja dyatmika.) anèng tengahing tawang. (wonten tengahing pandulu.).

21. Gunung agung sagara Sarandil, (tegesing gunung agung: djasad, saganten Sarandil: saganten teleng, dumunung ing raos.) langit ika amengku buwana, (pralambang Dzat anglimputi sipat.) kawruhana ing artiné, (kasumerepana ing artosipun.) gunung sagara umung, (pralambanging manah djantung, panggènan suwara.) guntur sirna kang mangku bumi, (sirnaning hawa déning kang mengku panggènan.) rug langit sabuwana, (risaking bumi langit.) dadya kawruh iku, (punika dados kawruh.) mudya madyaning awijat, (memudji tengahing langit, tengahing djagad.) mangasrama ing gunung agung sabumi, (manggèn anenungku, ing lair trusing batin.) tjandi-tjandi sagara. (dumunung manggèn ing panggalih.).

22. Gunung luhuré kagiri-giri, (punika pralambanging Dzat, saèstu sumarambah ing rat.) sagara agung datanpa sama, (punika pralambanging angen-angen.) pan sampun kawruhan reké, (wijos

sadaja punika kasorotan.) Artadaja punika, (dajaning salebeting manah.) datan kena tjinakrèng budi, (boten kènging dipun kinten ing manah.) anging kang sampun prapta, (ananging ingkang sampun dumugi.) ing wasananipun, (ing kawekasanipun.) angadeg tengahing djagad, (ing ngriku djumeneng wonten madyaning djagad.) wétan kulon lor kidul ngandap mjang nginggil, (wétan kilèn lèr kidul ngandap mjang nginggil, kalimputan sadaja.) kapurba kawisésa. (kapurba sakarsa-karsa.).

23. Sagara gunung mjang bumi langit, lawan ingkang amengku buwana, kasor ing Artadajané, sagara-sat kang gunung, guntur sirna guwa pesagi, singa wruh Artadaja, dadya teguh timbul, lan dadya palijasing prang, jèn lelungan kang kapapag wedi asih, sato galak suminggah.

24. Djin prajangan pada wedi asih, mendak adjrih sakèhing drubiksa, rineksa sijang-daluné, ingkang anempuh lumpuh, tan tumama ing awak-mami, jèn nedya tan rahardja, kabèh lebur kabur, sakèhing kang nedya ala, larut sirna kang nedya betjik basuki, kang sinedya waluja.

25. Rina wengi rineksa Hjang Widdhi, sasedyané tinekan sadaja, pan kèdep ing djanma akèh, aran wikuning wiku, wikan ing rèh pudya samadi, dadi sasedyanira, ma'unah linuhung, peparab Hjang Tigalana, kang asimpen jèn tuwadjuh djroning ati, kalis saguninging béka.

26. Jèn kinarja atunggu wong sakit, edjin sétan tan wani angambah, rineksa malaékaté, nabi wali angepung, sakèh lara pada sumingkir, ingkang sedya pitenah, marang awakingsun, rinusak marang Hjang Suksma, éblis la'nat sato mara pada mati, tumpes tapis sadaja.

Kidung kaping tiga

KIDUNG ANGIDUNG WENGI

27. Ana kidung sun angidung wengi, bebaratan duk amrem winatja, Sang Hjang Guru pangadegé, lumaku Sang Hjang Baju, alèmbèhan Asmaraening, ngadeg pangawak tédja, kang angidung iku, jèn kinarja angawula, mjang lelungan gusti geting dadya asih, sato galak sumimpang.

28. Sakatahing upas tawa sami, lara roga waluja nirmala, tulak tanggul kang panggawé, duduk samja kawangsul, katawuran saguninging sikir, 'adam makdum sadaja, datanpa pangrungu, pangutjap lawan pangrasa, mjang tumingal kang sedya tumeka napi, pangreksaning malékat.

29. Djabarail ingkang angréwangi, milanira katetepan iman, pan dadya kandel atiné, 'Idjrailé puniku, kang rumeksa ing pati urip, 'Israpil dadya damar, padang djroning kalbu, Mikail kang angsung sandang, lawan pangan tinekan sabarang kapti, sabar lan anarima.

30. Ja (djasad, djarwa 'Arab.) hu (Pangéran, djarwa 'Arab.) Dzat (rasa, sorot.) njeng (kawasa, kuwat.) pamudjining wengi. (pamudjining dalu.) balé 'arasj sesakané mulja, ('ibarat bait-makmur, djalaraning mulja.) Kirun saka tengen nggoné, (suku tengen kang-gènan Malaékat Kirun.) wa Nakirun atunggu, saka kiwa (lan Nakirun kang tengga suku kiwa.) gadané wesi, (gada wesi punika 'ibarat bau kekalih.) nulak panggawé ala, (nulak pandamel awon.) satru lawan mungsuh, (sengitan lan mengsah.) pangeret taradju'l-ridjal, ('ibarat uwang kekalih, tuwin sadaja untu.) ander-ander kulhu balik kang linuwih, ('ibarat grana, panggènan suwara.) ambalik lara roga. (mangsulaken sakit bentèr tis.).

31. Dudur majengé ajatu'lkursi, ('ibarat talingan, déné nam-pèni ulekan suwara sumarambah ing rasa.) lungguhé atining surat 'An'am, (lenggaipun ing papan tulis, panggènan wiraos, dumunung ngen-ngen, angen-angen.) pangleburan lara kabèh, (pangrisaking sakit sadaja.) usuk-usuk ing luhur, ('ibarat panudjuning tingal.) ingaranan telenging langit, (wonten telenging pandulu.) nenggih Nabi Muchammad, kang Wekasan iku, atunggu latri mjang sijang, kinèdèpan ing tumuwuh wedi asih, tunduk wedi maring wang.

32. Satru mungsuh pada mundur wedi, pemedangan ing betal-mukadas, tulak balik pangreksané, pan Nabi patang puluh, paring wahju mring awak-mami, pana Nabi Wekasan, sabda Nabi Dawud, petakku Bagénda Kamdjah, kinèdèpan satru mungsuh pada wedi, luput ing wisa guna.

33. Pepajoné godong dukut langit, ('ibarat kawontenaning Dzat, saèstu narambahi sipat.) tali barat ngumandang ing tawang, (punika 'ibarat suksma, dados tetangsuling napas, dumados wonten ing djawi.) tinunda tan katon mangké, (dipun tunda-tunda boten katingal ing lair.) aradjeg gunung sèwu, (karadjegan déning bebalung.) djala sutra ing luhur-mami, (punika 'ibarat rowiting iga.) kabèh pada angreksa, angadangi mungsuh, anulak panggawé ala, lara roga sumingkir pada anebih, kang agring dadya waras.

34. Wukir sèwu dadya pager-mami, katon murub sagung kang tumingal, djrih sakèhing lara kabèh, djemparing towok putung, taragnjana tenung djalenggi, bubar ambjar sadaja, Sri Sadana lulut, punika sih rahmatu'llah, rahmat djati djumeneng walj djasmani, ija Sang Djatimulja.

35. Ingaranan Tar Rara Subagni, (winastanan wiludjeng suka anjoroti.) kang tumingal djrih asih sadaja, kèdep saparipolahé, kèh

lara sirna larut, tan tumama ing awak-mami, kang sangar dadya tawar, kang geting sih lulut, saking dawuh sipat rahman, ija rahman rahaju pangreksanèki, sarana nganggo metak.

36. Jèn lumampah kang mulat awingwrin, singa barong pan pada rumeksa, gadjah meta ing wuriné, matjan galak ing ngajun, naga radja ing kanan kéring, singa mulat djrih tresna, marang awakingsun, lembut ing tanah Djawa, samja kèdep antu lawan teluh bumi, wedi asih maring wang.

37. Jèn sinimpen pan tawa sakalir, upas bruwang ratjun tawa sirna, bedil muni buntu kabèh, djemparing tiwas putung, pan angléjang tibaning siti, miwah sakèhing bradja, tan tumama ingsun, perak tjupet dawa tuna, samja slamet sétan tenung teluh wedi, ngidep adjrih maring wang.

Kidung kaping sakawan KIDUNG ING KADANG MAR MARTI

38. Ana kidung ing kadang Mar Marti, among tuwuh ing kawasannya, ngenakaken satjiptané, kakang Kawah puniku, kang rumeksa ing awak-mami, anekakaken sedya, ing kawasanipun, adi Ari-ari sira, memajungi ing laku pangreksanèki, ngenakaken pangarah.

39. Punang Getih ing rahina wengi, ngreréwangi ing kawasanya, andadèkaken karsané, Puser kawasanipun, nguju-uju sabawamami, anuruti paneda, kawasanirèku, djangkep kadangingsun papat, kalimané pantjer wus dadya sawidji, tunggal sawudjud-ingwang.

40. Mangkja kadangingsun kang umidjil, saking marga hina pareng samja, sadina awor enggoné, kalawan kadangingsun, ingkang ora umidjil saking, marga hina punika, kumpulé lan ingsun, dadya makdum sarpin sira, wewajanganing Dzat reké dadya kanti, saparan datan pisah.

41. Jèn angidung sarwi dèn pepetri, amemuléja golong lelima, takir pontang wewadahé, iwak-iwakanipun, iwak tasik rawa mjangkali, miwah iwak bangawan, mawa gantalipun, rong supit winungkusana, dadya limang wungkus artané njaduwit, sawungkusé punika.

42. Tumpangena ing pontang njawidji, dadya limang wungkus pontang lima, sinung sekar tjapakané, loro sapontangipun, kembang borèh dupa jwa lali, memetri udjubira, donganipun Madjmuk, poma dipun lakonana, saben nudju dina kalaréjanèki, agung sawabé uga.

43. Balik lamun nora dèn kawruhi, kadangirèku samja ngrenjtjana, temah ura satjiptané, sasedyanira wurung, lawan luput pangarahnéki, sakarepira wigar, anggagar tanpântuk, dèn samja angèstokena, ing memuljan rumeksa badanirèki, supaja walujaa.

Telas kawontenaning Kidungan

DONGANING KIDUNGAN

Punika Donganing Kidungan ingkang dipun apilaken 4 prangkatan, pandamelipun kanggé rumeksa wiludjengan sabaraja.

1. „Ati Adam, tjahjaku Muchammad, panduluku Rasul, pinajungan Adam sjara’.”
2. „Tiga lana kamulannja, Nilaenning araningwang.”
3. „Ja hu Dzat njeng pamudjining wengi, pamudjining rina.”
4. „Kadangku kapat kalima pantjer, rumeksaa sauripku, ngujunana sasedyaku.”

Punika manawi boten saged memulé djangdji ènget kémawon tjekap, anamung sirikipun manawi badé saré sampun dipun adjak saré, kinèn rumeksa kémawon.

Déné ing béndjing dumugining djandji kedah kasampurnakaken, supados boten anjakrabawani, anggènipun njampurnakaken kados ing ngandap punika :

„Kadangingsun kapat kalima pantjer, kang lair bareng sadina, kang metu seka marga hina lan kang ora metu seka marga hina, pada muljaa kahanané déwé-déwé, kapurba déning kudratingsun.”

Déné donga wau jèn wonten damel kaapilaken kaping 25, miliha damelipun ing ngriku.

DJARWANIPUN PRALAMBANG ING DALEM KIDUNGAN

Saking pamanggihipun Tjèkèl Widyakamawa
Tjantrik ing Tédjamaja

Kidung rumeksa ing wengi

Punika tegesipun „kidung rumeksa ing wengi”, menggah ing dunungipun „kidung” punika kalangenan, inggih lelangening tjipta, ingkang „rumeksa ing wengi” punika sadjatining gesang, ingkang amengku mau'lehajat, inggih punika roh badan napas, ing sijang ratri tansah lumampah, dados dunungipun boten dahar boten saré, pramila katembungaken „rumeksa ing wengi”.

Déné ingkang nama wengi punika, reming nétra, sumèlèhing tjipta rasa, inggih punika nama tilem, sumèlèhing tjipta, dipun wastani wengi, maripating nétra boten aningali, ladjeng nama saré, tegesipun lampahing roh lan napas sarèh, mila wengi punika peteng.

Angen-angen kempal lan rahsa, mila ladjeng sawudjud, aningali lelampahan ingkang boten kasedya, inggih punika ngipi, tegesipun angingip-ingipi, wonten salebeting rahsa, ing ngriku dipun wastani djaman sangi, tegesipun 'alam walikan, karatoning batos, ladjeng dipun wastani supena, inggih angimpi.

Ing samasa angen-angen wau gatur tumbuk ing rahsa, dipun wastani angen-angen badan napas, ing ngriku ébating tjipta rasa anarik dateng maripat, ladjeng insan kamil, ing ngriku ladjeng nama tangi, inggih punika lampahing roh lan rahsa sampun djangkep, angen-angen badan napas, kempal satunggal, soroting tjipta kabuka, sumorot tjahjaning djedjantung, anartani angèbeki djagad, 'alam sahir inggih 'alam kabir, inggih punika djagading manusa.

Artati Artadaja

Punika tegesipun Artati, tuwin Artadaja. Artati punika saking arti, artinipun, dajaning arta punika anarik dateng arti.

Ananging arti wau, kosok-wangsulipun arti punika, artining tjipta, artining tjipta wau inggih langkung saking dajaning arta, amargi tjipta rasa punika ladjeng kempal kalihan angen-angen, purbaning tjipta rasa misésa angen-angen, angen-angen nartani ing tjipta rasa. Liding dongèng, punika djumeneng sawidji, tegesipun widji ingkang nunggil, inggih punika saking dajaning pambudi, budi, budajaning djedjantung.

Atining wuluh wungwang

Menggah dunungipun wuluh wungwang, punika raga, dipun wastani badan wadag, gesanging raga punika saking djiwa, tegesipun djiwa punika angen-angen, punika ladjeng kalenggahaken kawulagusti, raga punika kawula, angen-angen punika gusti, salebeting wuluh wungwang punika isi angen², inggih punika napas anuksma ing alus, djumeneng angen-angen badan napas, ladjeng dipun wastani djatining daim, ngumandanging swasana.

Galihing kangkung

Kangkung punika nganggé ros, rosipun punika sadjatining rasul, lenggahipun dateng rahsa, punika af'aling gegurung, galhipun inggih napas, napas saking tjipta.

Kodok ngemuli lèngé

Lèng tegesipun lak-lakaning lati, kodok djarwanipun saking napas, inggih angin ingkang medal ing lati, lebet-wedaling napas punika saèstu jèn ngemuli lak-lakaning lati, inggih punika batanganipun kodok ngemuli lèngé.

Kusuma andjrah ing tawang

Kusuma andjrah ing tawang punika kalenggahaken dateng maripat, sekar andjrah ing awang-awang punika pesating Hjang Pramanadjati ngumandang ing antariksa, abjoring abramarkata angèbeki djagad.

Gigiring punglu

Punglu punika mimis, datipun bunder, inggih punika tetelenging nétra kalih, lenggahipun dateng lenging tjipta, leng punika inggih bunder, mila dipun wastani ajat sabitah, punika tanda andenging napas, aksara salebeting Kurän, Kurän punika djumenenging badan-kita punika sadaja, kita punika mau'lhajat.

Bisu mungkasi padu

Bisu mungkasi padu, punika lenggahipun dateng tjipta, inggih angen-angen, menggah dunungipun makaten, manawi ing lair lati pinudju kanggé ngandika punika bisu, manawi lati kèndel boten ngandika punika sakalangkung déning ramé, kados pasar tumawon, mosiking tjipta tjampuh lan rahsa angen-angen, mila dipun wastani bisu mungkasi padu, inggih punika 'alam pikiran. Liding dongèng, inggih punika budi mosik, angandika tanpa lati. Lo arak inggih makaten ta Man Dobläng !

Lumpuh angideri djagad

Lumpuh angideri djagad, punika tegesipun inggih dateng tjipta rasa, nalikanipun dèrèng mosik, punika mandjing tarki, ingkang sampun tunggal, inggih sumèlèhing tjipta rasa, samasa lenging tjipta wau sampun kumpul ing rahsa, angen-angen badan napas, mau'lhajat ladjeng karsa ngébahaken tindaking napas lan roh, rahsa mandjing sarining djasad, punika ladjeng kawaratan, ing triloka kaèbekan, dados karentek, wedalipun nama keketek, inggih punika trimurtining rahsa, saking tjipta rasa angen-angen.

Tjébol anggajuh langit

Tjébol anggajuh langit, punika tegesipun inggih dateng tjipta badan napas, dating tjipta punika tjébol, utawi angen-angen manawi daweg kèndel, inggih ingkang dipun wastani sumèlèh wau, déné bilih tjipta rahsa angen-angen wau sampun karsa ébah, punika ladjeng djumeneng badan napas, ladjeng angèbeki djagad, sundul ing akasa, inggih punika ingkang dipun basakaken: jèn malanga boten djudjul, jèn ngadega boten sundul, sinaosa agung luhur, inggih amung sasreg kémawon, boten kirang boten langkung, punika lenggahipun mau'lhajat, djatining Dzat kang murwèng rat, boten malebet, boten medal, tanpa dahar miwah saré, djumeneng sakarsa-karsa, inggih punika sadjatining gesang-kita.

Wangsul dateng sari'at pradja

Kembang tepus kaki

Tepus kaki, punika tegesipun ukuran, ukuraning tjipta punika dateng patrap, ingkang dateng tepa palupi, tembung sasami-sami, liripun reksa-rineksa, lestantun kuwawi nglampahi.

Kuda ngerap ing djaladri

Kuda punika napas, djaladri punika tjipta rasa, dunungipun tjipta rasa tjampuh lan napas, ébahing napas saking rasa, rasa wau mungging tjipta, inggih punika urip-kita sadjati, amengku ing tjipta rasa lan napas, ing ngriku angen-angen ngumandang salebeting rahsa, dèrèng djumeneng pantjadrijanipun. Déné djumeneng kempalipun kados ingkang kapratélakaken ing ngandap punika.

Kaju apurwa sawidji

Kaju apurwa sawidji, kaju punika sadjatining gesang, amengku kéblat sakawan, godong kekuwunging tjipta, kembang lintang sadjatining Hjang Pramana, pesating abramarkata ngumandang dados lelintang, inggih punika kekonanging maripat, salaga budi mosik, inggih punika utek, langit embun-embunan, pantjeripun iman, iman punika ati éling, sadjatosipun napas ingkang boten malebet medal, mila ladjeng dipun wastani unusaning manusa, inggih unusaning Suksma kang asipat Esa, sadjatiné Allah, Uripingsun.

Mila ojutipun baju badjra, punika napas, hawa, lan napsu, wohipun surja, punika djedjantung, pantjering maripat, ing lairipun dipun wastani wewajangan Rasul Muchammad, ingkang djumeneng ing tetelenging nétra kalih, ingkang amengku ing wewajangan, inggih ingkang dipun wastani sesilih, éwadéné sadaja punika, pamanggih-kula, boten lijan saking chajat-chajuning manusa, chajat punika Dzating kawula, chajun punika Dzating Gusti, asma Allah, lenggahipun Gusti, inggih wujud Gusti-kita punika.

Manawi péranganing raos, Dzating kawula punika raga, Gusti punika angen-angen napas anuksma ing lambat, inggih punika Pangéran kang maha agung.

Déné ingkang dipun wastani Allah ingkang langgeng, inggih Pangéran langgeng, punika djedjantung, lenggahipun inggih Gusti, mila dipun wastani Gusti, awit punika djumeneng Sang Hjang Surja, anartani djagad tjakrawala, anjamadi Dzating samukawis ingkang gumelar, mila asma Sang Hjang Maha Kawasa, ladjeng dumadinipun bumi, punika dipun wastani Pangéran kang langgeng, amargi ingkang paring sandang teda wau saking wedaling bumi.

Pramila ingkang dèrèng dumunung, sami apantjabakah, sami rebat deg ing panganggep, déné pamanggih-kula, sadaja wau inggih sami leres, awit pamanggihing ngagesang punika dipun basakaken asnapun, tegesipun warni-warni, saking béda-bédaning pamanggih.

Déné ingkang angidep anékadaken dateng swara, lirisipun pangandika, punika inggih sèwu leres, amargi punika pawitan, sadaja patrap wau ingkang andadosaken resep-rumeseping tjiptaning sasami-sami, saèstu saking traping tembung pangandika, mila Allah punika dipun tembungaken asma badan idlafij, tegesipun pangandika, lenggahipun solahing lésan, inggih pangandika wau, dados kaantukaken saking pudji kang pinudji, ingkang mudji wau pangandika.

tuwin osiking tjipta, ingkang pinudji wau inggih ingkang ngandikakaken, sadjatiné Allahu ta'ala kang asipat Esa.

Mila angen-angen punika ma'na Allah, liriipun sadaja patrap wau, manawi anilar gagasaning angen-angen, saèstu saged kalintu ing patrap, sinaosa sampun patrap, ladjeng anggènipun angetrapaken, dunungipun patrap lan patrapé, déné gagasan angen-angen wau inggih awon inggih saé, awonipun midjèni tjipta was-was, utaminipun anuntun budji prajogi, ingkang gagasan dateng kasutjijan wau, sampun terang anuntun dateng kasaénan.

Kalih déné malih ingkang angèsti dateng tjipta rasa, punika inggih langkung leres malih, amargi raos punika dateng sipat wejangan, dados antukipun sadaja suraos wau, manawi boten kalajan dipun raosaken, kalebet saking punapa? sampun tamtu boten karaos ing djiwanipun, awit kapirit tjipta punika telenging raos, déné rasa pangrasa punika inggih saking tjipta, ingkang anampèni rasa sadaja gumelar punika, boten marodjol saking tjipta rasa, swara inggih dateng tjipta.

Déné kidungan, tarèk, wirid, suluk, tuwin sipat kalih dasa, inggih sampun terang saking tjipta-rahsaning manusa ingkang hakiki, pramila ingkang kasebut serat suluk, tarèk, wirid, punika amung dumunung pangotak-atiking tjipta, bilih kapaben saèstu nuwuhaken rubéda, tegesipun rubéda punika, rubet anggènipun badé ambédakaken dateng sadaja pamanggih, mila inggih amung sumangga katur para sardjana, ing surahsa ingkang ginaib-gaib, mila kula kamipurun ngarang ingkang makaten wau.

Ingkang punika kaanggéja pangènget-ènget, dateng anak putu ingkang sutrasna rumesep dateng gesang-kita punika. Amargi kita punika sampun sepuh, samasa kapundut dateng rahmatu'llah, kaantukaken dateng djaman-kula kalanggengan, sa-sampuna anilar tanda katresnan dateng anak putu ing wingking, ingkang supados sampun kalintu ing patrap.

Lair utamaning patrap, pikadjengipun Kidungan punika, mamrih èngeta dateng lelabuhan.

Kidung angidung wengi

Mila katembungaken „Kidung angidung wengi”, liriipun, jèn rina anontona ing lelakon iki kabèh. Allah wus anggelaraké katja brenggala, pada kasipatan ing nétra, kapijarsa ing karna, pasti bisa animbang-nimbang, kang ala muwah kang betjik, kang pantes inganggo, sarta kang pantes tininggal, lan pada angélingana maring obah-obahing djagad, djagad iku kadi tjakraning gilingan, tegesé anuduhaké ing lelakon mau ora langgeng, mula pada éling diéling, kang kasebut kembang tepus kaki, tegesé tepa palupi, lupijaning tjipta iku katindakna, jèn duwur adja nglangak baé, jèn tjendèk adja mung tumungkul baé, liré kang bisa sumarambah, ing 'ilmuné reksa rineksa.

Pandita akarja wangsit

Pandita akarja wangsit, punika tjipta rasa mobah mosik, lenggahipun pandita punika dateng budi tjipta, wangsit, mosik, ingkang sumrambah dateng kawula, ingkang dipun wastani wangsit wau ébah-ébahing kawula, kados ta: lampahing kedut, karentek dateng keketek, kedut saking mosik, keketek saking napas, ébahing djasad katampi ing tjipta rasa, mobah mosik, churuf sadaja wau dumunung ing gesang-kita punika pribadi, mila asma Nabi-kita, amengku. Rasul Rusul.

Kombang angadjap ing tawang

Kombang angadjap ing tawang, punika angen-angen maripat, saestu tjipta rasaning manusa ingkang hakiki, mila dipun wastani kita punika Muchammad kadim, ingkang ma'na dihin, mokal lamun kadihinana, tandanipun urip punika boten suda, sakalangkung mokal jèn sang urip punika rusaka. Liding dongèng, wekasaning pamanggih sadaja punika amung dumunung busana, kadi simbar anèng kakajwan, boten langkung inggih amung gesang-kita punika, ingkang sipat esa inggih urip-kita, tjipta rasa kalbu budi djadjantung, inggih gesang-kita punika, ingkang sipat ora lanang ora wadon ija amung urip-kita, tanpa dahar tanpa saré, tandanipun ing dalil Kurän: wa kalbu mukmin baitu'llahi, ma'nanipun:

Wa huwa, lan ja iku, atiné wong mukmin, baitu'llahi, iku, panggonané Allah. Lo arak inggih sampun njamleng kémawon, kalihan atur hakékat-kula, manawi gumelaring djagad punika, rak inggih amung urip-kita punika pribadi, sampun kula-sahaken kalajan tjiptaning Tauhid, lakar inggih sampun kula-rungkebi, pedjah kalihan dalil Kurän inggih sampun, amargi ing Kurän ugi sampun andawuh-aken, makaten lapalipun:

Pakadis tamsaka, bil ngurwati wuska, ma'nanipun: pada darbéja sira gegandulan tali kukuh.

Menggah preluning prelu darbé gegandulan, punapa anteping tjipta, mila kula boten saged memaoni.

Ananging prelu sanget nganggé lapal: asalatu kamu wadjibi, tegesipun wadjib salat waktu gangsal, utawi lapal: asalatu ngi-madudin, ana déné salat iku pusakaning agama, agama punika pranataning budi, budi punika tjipta kalbuning manusa, manusa punika inggih kita punika, tegesipun manusa unusaning Dzat mulja, atas saking Dzat Suksma Sadjati.

Pratandanipun djagad triloka, djagad tetiga, punika kawengku ing urip-kita, sahir kabir, djatiningsun.

Peprintjèning djagad

Djanaloka, ingkang dipun wastani djanaloka, punika karatoning manusa, dipun wastani sanubari, karaton angen-angen.

Endraloka, punika djedjantung, inggih tjiptaning manusa.
Guruloka, punika palenggahan nur, ing bait-al-makmur, inggih punika ing utek.

Trimurti utawi tetiga punika, lenggahipun: Allah Rasul Muchammad, inggih: iman tauhid ma'rifat, inggih: kasdu takrul takjin.

Kasebut punika wau inggih dumunung urip-kita.

Prelu sanget, ngagesang punika dipun awas ènget, awas dateng ing patrap silakrama lenggahing tembung, ènget dateng gesangipun, liripun kedah (1) mantep (2) tetep (3) temen, dateng kasutjijan.

Kula ingkang ngripta ing rahsa, pun Tjantrik ing Tédjamaja,

Tjèkèl Widyakamawa

PANGRUWATAN TULAK BILAH

Kabèh-kabèh kang nandang dosa iku kudu diruwat, minangka tulak balak bilahiné, sarana matja aksara kang ana ing dadané Hjang Batara Kala, tegesé kala iku ija kalané déwé, dunungé maring kalakuwan, tegesé wong gawé serik ing sapada-pada iku, apa ija ora dosa? wong dosa iku bisané lebur dosané, ija pasti nganggo diruwat, kang mangkono iku adja nganti salah panemu.

Déné aksara kang ana ing dadané Batara Kala mau, diarani Radjah Kalatjakra.

Nanging luwih disik kudu amatja Tjarakan Balik kaja kang kasebut ing ngisor iki:

Nga ta ba ga ma
nja ja dja da pa
la wa sa ta da
ka ra tja na ha

Bandjur amatja Radjah Kalatjakra kaja kang kasebut ing ngisor iki:

„Hong ilahèng awignam astu namas idem, Hjang Hjang Nawa Pranawa, ja patah ja radjah, ja Radjah Kalatjakra, Hjang Hjang Siwa, Buddha, ja Brahma, Buddhisatwa, ja marani niramaja, ja dajuda dajudaja, ja sijatja tjajasija, ja maradja djaramaja, ja laka ja Kala, Kala kalah sirna adjur, sira Kama salah, insun Kama dadi, ija insun sadjatiné Hjang Wisnu, kang djumeneng Kandabuwana, sadjatiné Hjang Manik Maja, Hjang Djagad Wuku Widji Wisésa, kang amisésa saisining djagad raja.”

Mantra kang kasebut ing duwur mau, kawatja ing wengi wajah sirep djalma, karo ngadeg sangareping wisma, utawa ngadeg ing tengahing djogan utawa latar, tangan tengen sumampir ing pundak kiwa, déné tangan kang kiwa anutupi puser. Mantra mau diwatja ing wong kang angruwat, didamokaké marang wong kang diruwat.

Sawisé anindakaké ruwatan, bandjur slametan, ambengan kang diarani sega purnama, ija iku sega wuduk ing ngisor, bandjur ditumpangi sega punar ing duwur, lawuhané endog pitik didadar lan ditjeplok, iwak loh ginorèng.

Nganggo sadjèn: sega arum, ija iku sega wuduk, lawuhané endog pitik ingolah lembaran, kembang kenanga katumpangaké saduwuring sega wuduk mau, lalaban lombok abang kang gedé, nganggo kembang sataman ing bokor, ditjeguri duwit 25 kètèng, sarta kutug menjan madu lan ratus. Udjubé angsung dahar Bapa Akasa Ibu Pratiwi, lan Sang Hjang Surja Sang Hjang Wulan.

Wong kang diruwat mau nganggowa sandangan kang sarwa sutji, tegesé sarwa resik, iku bandjur ruwat saka ing bebaja lan bilahi, sinung padang atiné, lan tjepak sandang-pangané.

ÉTUNG PASA'ATAN

Iki étung Pasa'atan, kang ingaran uga Sa'at Nabi, kang tumindak kanggo saben dina, saka panganggité Kangdjeng Nabi Panutan, awit tanggal rembulan kang sapisan tumeka tanggal kaping telung-puluh, ing dalem sadina kapara lima, ija iku: Ahmad, Djabarail, Ibrahim, Jusuf, 'Idjrail.

Kinantènan kalawan Sa'at Tatal, ija limang prakara, ija iku: Pitutur, Kalangan, Patjak, Slamet, Ridjeki, mubeng salawasé.

Mungguh ala - betjiking sa'atan :

Ahmad Slamet, iku betjik.

Ahmad Ridjeki, iku betjik.

Djabarail utawa Jusuf, iku sedeng, samono mau kang ora tiba Kalangan utawa Patjak.

Déné kang ala, jèn tiba 'Idjrail, sanadyan kantiné sa'at Tatal tiba Pitutur saha Ridjeki, ija kurang prajoga.

Ana déné reringkesané saha uruté kaja kang kasebut ing sawalik iki.

SA'AT NABI LAN SA'AT TATAL

Tanggal rembulan	Djam 6.00 - 7.00	Djam 7.00 - 8.00	Djam 8.00 - 10.00	Djam 10.00 - 13.00	Djam 13.00 - 18.00
1, 6, 11, 16, 21, 26	Ahmad Pitutur	Djabarail Kalangan	Ibrahim Patjak	Jusuf Slamet	'Idjrail Ridjeki (1)
2, 7, 12, 17, 22, 27	Djabarail Ridjeki	Ibrahim Pitutur	Jusuf Kalangan	'Idjrail Patjak	Ahmad Slamet (2)
3, 8, 13, 18, 23, 28	Ibrahim Slamet	Jusuf Ridjeki	'Idjrail Pitutur	Ahmad Kalangan	Djabarail Patjak (3)
4, 9, 14, 19, 24, 29	Jusuf Patjak	'Idjrail Slamet	Ahmad Ridjeki	Djabarail Pitutur	Ibrahim Kalangan (4)
5, 10, 15, 20, 25, 30	'Idjrail Kalangan	Ahmad Patjak	Djabarail Slamet	Ibrahim Ridjeki	Jusuf Pitutur (5)

Wateké kang betjik utawa sedeng :

- (1) Ahmad, 'Idjrail, iku betjik. Jusuf, iku sedeng.
- (2) Jusuf, iku betjik. Ibrahim, Djabarail, iku sedeng.
- (3) Djabarail, Ahmad, iku betjik. 'Idjrail, iku sedeng.
- (4) 'Idjrail, Jusuf, iku betjik. Ibrahim, iku sedeng.
- (5) Ibrahim, Djabarail, iku betjik. Ahmad, iku sedeng.

RAMAL SALAKI - RABI

Kekarepan apa kang arep ditakokaké ? Anduluwa disik ing Pratélan Patakonan, wiwit angka 1 tumeka angka 12, endi kang tjojog karo kekarepané? Upama kang notjogi karo kekarepané ing angka 4, ija iku patakonan: Apa wong iku asih-tresna marang aku? Bandjur titènana angkané 4.

Nuli angopjoka dadu loro, bandjur tibakna, lumahé dadu loro iku, sidji-sidjiné katon mripaté pira? Mangka kang s'dji katon

	o		o o		
mripaté	o	déné sidjiné katon mripaté	o	iku bakal wang-	
	o		o o		

	o		o o	
sulané kamot ana ing Pratélan Wangsulan	o	—	o	
	o		o o	

	o		o o	
Bandjur anduluwa Pratélan Wangsulan	o	—	o	angka 4.
	o		o o	

Mangkono tjarané nindakaké patakonan, kang bakal olèh wangsulan sapreluné.

Wangsulan - Wangsulan kang tinemu sadjroneing Ramal iki, kena kanggo antjer-antjer netepaké karampunganing pamikir kang pakéwuh, awit nglanturing pamikir kang pakéwuh lan kang ora tumuli olèh teteping karampungan, sajekti andadèkaké panandang kang tanpa ludang, tinemuning karampungan sajekti angludangaké ing panandang.

? Pratélan Patakonan ?

1. Apa aku bisa slamet utawa nemu susah sadjroneing salaki-rabi?
2. Apa aku bisa duwé anak?
3. Wong kang tak-tresnani iku apa bisa dadi laki/rabi-ku?
4. Apa wong iku asih-tresna marang aku?
5. Pangarep-arep iku apa bisa kasembadan?
6. Pasulajan iku bisa dadi pepisahan apa ora?
7. Aku arep njelir apa bisa slamet?
8. Wong-tuwaku saiki slamet apa ora?
9. Anakku kang ana ing nagara lija saiki slamet apa ora?
10. Sadulurku kang ana ing nagara lija saiki slamet apa ora?
11. Wong iku apa betjik kanggo laki/rabi?
12. Wong iku apa betjik, jèn aku memitran karo dèwèké?

?

Wangsulan o — o

1. Bisa slamet, nanging sok nemu susah, manawa pasulajan karo bodjo adja ngumbar napsu.
2. Bisa duwé anak, nanging mung Kang Maha Kuwasa pijambak kang nguningani anak iku urip kalajan slamet utawa kurang umur.
3. Wis tinakdir déning Kang Maha Kuwasa, wong iku dadi laki/rabi-mu, prajoga tumuli nikahan.
4. Asih-tresna temenan lan tansah éling marang kowé.
5. Andulu lintang redjeki, pangarep-arep iku bisa kasembadan, nanging durung tumeka waktuné.
6. Ora dadi pepisahan, sanadyan dèwèké ana ing omahé déwé, ora suwé manèh dèwèké sumedya bali.
7. Manawa njelir sadjroné waktu iki bisa slamet uga, nanging manawa kowé ngarep-arep duwé anak prajoga nikahan.
8. Wong-tuwamu saiki slamet ora kurang sawidji apa.
9. Anakmu slamet lan ora lara, nanging saiki dèwèké kekurangan duwit.
10. Sadulurmu tetep slamet, nanging susah atiné karana sawidjining wanita.
11. Wong iku betjik kalakuwané, slamet bisa dadi bodjo lan ing tembé akèh kabegdjané.
12. Wong iku temen-temen atiné marang kowé, prajoga memitran karo dèwèké.

Wangsulan o — o

1. Andulu lintang katon peteng satitik, panguripan sadjroning salaki-rabi mesti kurang seneng satitik.
2. Ngopèni anak tansah susah, sanadyan duwé anak ora lestari, ora ana gunané.
3. Dèwèké ora seneng marang kowé, prajoga madik wong lijané baé.
4. Uga asih-tresna sabab arep njoba, nanging marang wong lijané dèwèké luwih asih-tresna.
5. Andulu lintang peteng banget, pangarep-arepmu sadjroné taun iki durung bisa kasembadan.
6. Dèwèké éling pepisahan nanging durung karuhan, manawa dèwèké bali marang omahé bokmanawa ora dadi pepisahan.
7. Apa gunané njelir, dèwèké mung éling badan sapata baé, luwih prajoga golèk patjangan.
8. Wong-tuwamu saiki kurang kaslametané, atiné susah lan awaké kurang kapénak.
9. Anakmu nemu susah saka salahé déwé.

8. Wong-tuwamu saiki seneng atiné, sabab lagi olèh kabegdjan.
9. Anak kang ana ing nagara lija iku saiki akèh senengé, sabab arep nemu redjeki.
10. Sadulurmu kang ana ing nagara lija iku saiki ora kurang sawidji apa.
11. Sanadyan golèka sataun lawasé, kowé ora bisa ketemu wong kang luwih betjik saka dèwèké.
12. Wong iku anggagas memitran marang kowé, sabab seneng marang kowé.

Wangsulan 0 0
 — 0
 0 0

1. Kaja asu karo ketèk sok pasulajan, sok gègèran lan sok kerengan.
2. Adja ngarep-arep duwé anak, apa gunané ngopèni anak kang awaké kurang betjik.
3. Ora bisa dadi laki/rabi-mu, sanadyan nikahan sarana nindakaké akal apa baé, ing tembéne dadi pepisahan.
4. Asih-tresna kaja déné asih-tresnané wong marang babi kang lemu, jèn wis disembelèh lan entèk pinangan, bandjur golèk lijané.
5. Pangarep-arep iku bisa kasembadan kalawan ngetokaké wragad akèh, nanging ing tembéne nemu susah.
6. Sadurungé pasulajan dèwèké wis anggagas pepisahan, mulané dèwèké golèk djalaran pasulajan.
7. Ing waktu iki ora betjik kanggo njelir, andulu lintang ing tembéne akèh kasusahané.
8. Lagi nemu kasusahan nganti lara, mulané ngarep-arep pitulungan.
9. Apa bisa ngandakaké slamet, manawa anakmu ambuwangi duwit kalawan tindak ala.
10. Sadulurmu ing waktu iki tjepak tjilakané, mulané prajoga njuwun pangapura marang Kang Maha Kuwasa.
11. Manawa ing tembéne ora éman, laki/rabi-mu ambuwangi duwit, kena nikahan karo dèwèké.
12. Alané wong iku saiki durung ketara, nanging jèn wong iku nekani omahmu, bandjur nuli kawruhan.

Wangsulan

o — o o
o — o o

1. Manawa ngopèni laki/rabi kang ora pada atèn-atèné, apa bisa nemu slamet sadjroning salaki-rabi.
2. Jèn kowé duwé anak bandjur ing tembéné kawirangan kang djalaran saka anak iku, luwih betjik adja ngarep-arep duwé anak.
3. Sawisé dèwèké pepisahan karo wong lija, kowé lagi bisa ngarep-arep, dèwèké dadi laki/rabi-mu.
4. Asih-tresna kaja déné asih-tresnané kutjing marang anaké dèwé, manawa dèwèké nepsu utawa luwé bandjur mangan anaké dèwé.
5. Kalawan wirang, ing mengko kowé bisa kasembadan pangarep-arepmu, lan ing tembéné nemu kasusahan akèh djalaran prakara iku.
6. Pepisahan uga, sabab dèwèké ora asih-tresna manèh karo kowé, sadurungé pasulajan dèwèké wis asih-tresna marang wong lija.
7. Wong kang arep kok-selir iku mung anggagas marang katjilakanmu, jèn kowé njelir wong iku kowé dadi mlarat.
8. Wong-tuwamu ing wektu iki nandang lara nganti banget, prajoga kowé ketemu karo dèwèké.
9. Dèwèké lagi nemu kasusahan, saka panggawé sawidjining mitra kang ala atiné.
10. Andulu lintang peteng banget, mengkoné kowé olèh warta jèn sadulurmu wis tinggal dunja.
11. Wong iku gawé-gawé memanis, jèn wis nikahan bandjur lagi ketara alané.
12. Dèwèké arep memitran karo kowé kanggo mitulungi marang wong lija, mulané adja pratjaja marang dèwèké.

Wangsulan

o — o o
o — o o

1. Bisa slamet, nanging jèn ana prakara tjilik adja agé-agé napsu lan udreg marang laki/rabi-né.
2. Kawitané duwé anak sidji, ing tembéné duwé anak akèh kalawan senenging ati.
3. Dèwèké tansah ngentèni kowé, ora gelem nikahan karo wong lijané, sabab dèwèké banget asih-tresnané lan ngarepaké marang kowé, mulané digelis nikaha marang dèwèké.
4. Wong iku asih-tresna marang kowé, lan salawasé ora anggagas marang wong lijané.
5. Kalawan slamet lan senenging ati mengko sadéla engkas kowé bakal kasembadan pangarep-arepmu.

6. Ora dadi pepisahan, lan bandjur arep kumpul manèh karo kowé.
7. Andulu lintang ing wektu iki betjik kanggo njelir, nanging ora bisa slamet salawasé, ing tembé akèh susahé.
8. Wong-tuwamu saiki akèh senengé lan tansah kélingan marang kowé.
9. Anak iku slamet lan ora kurang sawidji apa, sarta seneng atiné.
10. Sadulurmu olèh kabegdjan kalawan haram, mengko kowé olèh warta saka dèwèké.
11. Wong iku betjik lan temen atiné, mulané bakal migunani sadjroning omah-omah.
12. Manawa kowé memitran karo dèwèké, ing tembé olèh kabegojan akèh.

Wangsulan 0 0 0
 — 0 0
 0 0 0

1. Ora ana wong loro sadjroning dunja kang madani atiné, mulané sadjroning salaki/rabi tansah udreg pasulajan anggoné nerusaké kekarepané.
2. Bisa duwé anak, nanging tjendak umuré lan gawé susahé bijungé.
3. Wong iku asih-tresna marang wong telu, endi kang sugih déwé kang dipilih dari bodjoné.
4. Dèwèké isih bingung atiné, sabab dèwèké asih-tresna marang wong lijané.
5. Sakèhé wong kang ana ing dunja pada duwé pangarep-arep, manawa Kang Maha Kuwasa mituruti kekarepaké sakèhing wong, mesti ing dunja dadi ora karuhan.
6. Dadi pepisahan awit saka salah gunemé saduluré.
7. Selir iku dudu bodjo, manawa dèwèké ing tembé ngélingi awaké déwé, sapa kang bisa ngalang-alangi.
8. Andulu lintang katoné banget peteng, adja takon manèh prakara wong-tuwané, karana wis tinggal dunja.
9. Anak iku nemu kasusahan saka panggawéné wong ala.
10. Sadulurmu lagi bingung saka lelarané, mulané durung seneng atiné.
11. Wong iku kurang betjik atiné, mulané kowé ing tembé ora bisa tjotjog karo dèwèké.
12. Andulu adaté wong iku, dèwèké ora bisa memitran karo uwong.

Wangsulan o o
 o — o
 o o

1. Slamet salawasé, lan ing tembéné akèh kasenengané.
2. Duwé anak akèh, lan ing tembéné akèh slameté lan sinartan redjeki.
3. Ora ana wong kang luwih asih-tresna marang kowé, mulané dèwèké ngarep-arep dadija bodjomu.
4. Dèwèké luwih asih-tresna marang kowé, sanadyan kowé ora asih-tresna marang dèwèké.
5. Andulu lintang ing wektu iki banget betjiké, sakèhing pangarep-arepmu bisa kasembadan.
6. Ora dadi pepisahan, sabab wong iku isih asih-tresna banget marang kowé.
7. Ing wektu iki slamet kanggo njelir, ananging apa ing sabandjuré terus slamet iku durung kena katamtokaké.
8. Wong-tuwamu olèh redjeki gedé, mulané dèwèké saiki seneng banget atiné.
9. Anak iku ngarepaké kabegdjan, mulané dèwèké ngarep-arep tumuliné kadadijan.
10. Sadulurmu slamet ora kurang sawidji apa.
11. Saka golongané sèwu uwong, wong iku kang tinemu betjik déwé.
12. Jèn kowé arep anduwèni mitra kang betjik temenan, nuli me-mitrana marang dèwèké.

Wangsulan o o o
 o — o
 o o o

1. Sadjroné kowé sesomahan tansah nemu susah baé, lan sok pasulajan karo laki/rabi-né.
2. Sanadyan kowé bisa duwé anak, nanging anak iku tjendak umuré.
3. Dèwèké wis weruh jèn kowé asih-trisna marang dèwèké, nanging dèwèké luwih seneng nikahan karo wong kang sugih.
4. Salawasé ora kena diarep-arep asih-tresnané wong iku marang kowé.
5. Sanadyan bisa kasembadan, nanging pangarep-arepmu iku anggawa sakèhing kasusahan.
6. Dadi pepisahan sabab saka salah gunemé sawidjining mitra kang ora barès atiné.
7. Wong iku gelem dadi selirmu, ngemungaké kanggo ngarah barangmu baé.
8. Ora tjilaka, nanging ora seneng atiné, sabab pikiré susah.
9. Adja takon bab anakmu, sabab wis pinundut déning Kang Maha Kuwasa.

10. Apa gunané takon sadulurmu, dèwèké saiki sengit marang kowé.
11. Wong iku awaké betjik, nanging atiné ketutup ora weruh marang asih-tresnamu.
12. Wong iku luwih pinter, anggoné ngarah memitran karo kowé ana sababé.

Wangsulan 0 0 0
 0 — 0
 0 0 0

1. Kang Maha Kuwasa wis njadijani marang panguripanmu kalawan slamet lan senenging atimu.
2. Bisa duwé anak nanging ora akèh, ing tembéne anak-anak iku akèh begdjané.
3. Kena diarep-arep, prajoga bandjur nembunga marang wong-tuwané.
4. Salawasé urip wong iku sumedya asih-tresna marang kowé.
5. Pangarep-arepmu ing wektu iki gampang kasembadan, lan ing tembéne olèh kasenangan.
6. Sanadyan mitrané anggunemi marang dèwèké, ora dadi pepisahan, sabab dèwèké isih asih-tresna marang kowé.
7. Andulu lintang ora ana susahé, nanging ing tembéne awakmu akèh sijalé.
8. Wong-tuwamu banget kepénginé weruh marang kowé.
9. Anakmu slamet, lan saben dina tansah éling marang kowé.
10. Sadulurmu slamet, lan ora lali marang kowé, sawatara dina bakal olèh warta.
11. Sanadyan kowé ngupaja saindenging dunja, ora olèh wong kang luwih tjotjog marang kowé.
12. Wong iku betjik atiné marang kowé, sabab saka apa ora seneng memitran marang dèwèké.

Wangsulan 0 0 0
 0 — 0 0
 0 0 0

1. Jèn laki/rabi-mu ora nunggal ati karo kowé mesti tansah udreg-udregan baé.
2. Njuwun anak marang Kang Maha Kuwasa, andulu lintang durung njadijani bakal anakmu.
3. Sadjroné wektu iki uga ana wong kang nembung marang dèwèké, mulané ora bisa marang dèwèké.
4. Asih-tresna uga, nanging jèn andulu adatmu dèwèké bandjur sengit marang kowé.
5. Kang Maha Kuwasa durung njadijani marang pangarep-arepmu.

3. Dèwèké ora anggagas wong lijané, lan tumuli dadi laki/rabi-mu.
4. Dèwèké asih-tresna marang kowé, lan salawasé urip ora bakal asih-tresna utawa anggagas marang wong lijané.
5. Pangarep-arepmu sasasi engkas bisa kasembadan.
6. Ora dadi pepisahan, sabab dèwèké ora gelem ngrungokaké udjaré wong lija.
7. Wong iku betjik, nanging selir iku sok ora anggagas marang laki sawidji baé.
8. Wong-tuwamu saiki slamet kalawan seneng atiné.
9. Anak iku ing wektu iki slamet, nanging prajoga ngélingaké marang dèwèké adja nakal banget.
10. Sadulurmu arep kirim warta, dèwèké lagi olèh kabegdjan.
11. Wong iku betjik, lan salawasé mung anggagas laki/rabi sidji baé.
12. Nuli mimitrana marang dèwèké, sabab wong iku temen atiné kalawan betjik kalakuwané.

Wangsulan 0 0 — 0 0
 0 0 0 0

1. Kalawan salahé déwé mengko kowé nemu kasusahan akèh.
2. Duwé anak sidji, lan anak iku ing tembéné duraka marang wong-tuwané.
3. Bisa dadi laki/rabi-mu, nanging ora bisa slamet sadjroning salaki-rabi.
4. Dèwèké temen asih-tresnané marang kowé, nanging adja ang-gumun jèn dèwèké ana asih-tresnané marang wong lijané uga.
5. Pangarep-arep iku bisa kasembadan, nanging iku ora andadèk-aké kabegdjanmu.
6. Ora pepisahan, nanging salawasé ora bisa urip kalawan senenging ati.
7. Sanadyan ngopèni selir kalawan ati kang betjik, suwéning suwé dadi pasulajan.
8. Wong-tuwamu saiki laira, sarta kalawan rekasa awaké, prajoga njuwun pangapura marang Kang Maha Kuwasa.
9. Anakmu wis lunga saka panggonané kang dienggoné mauné.
10. Sadulurmu ana gagasané arep mulih marang nagarané déwé.
11. Sanadyan wong iku betjik kanggo laki/rabi, salawasé ora bisa dadi laki/rabi-mu.
12. Mitra iku ora betjik kalakuwané, sanadyan dèwèké temen-temen anggoné arep dadi mitra, ora betjik kumpulan karo wong ala.

Wangsulan o o o o
 o — o
 o o o o

1. Bisa slamet sadjroning salaki-rabi, lan ing tembéne akèh senengé.
2. Duwé anak akèh, lan anak-anak iku kabèh slamet kalawan ana kabegdjané ing tembé.
3. Dadi laki/rabi-mu, lan slamet salaki-rabi.
4. Asih-tresna banget nanging ora ketara, mulané prajoga asih-tresna marang dèwèké, supaja dèwèké nglairaké asih-tresnané.
5. Pangarep-arepmu sadjroné sasi iki bisa kasembadan.
6. Ora dadi pepisahan, lan tumuli kumpul manèh.
7. Wong iku saiki betjik, nanging suwé-suwé tuwuh gagasané ala marang kowé.
8. Wong-tuwamu tansah anggagas marang kowé, lan slamet sakabèhé.
9. Anakmu iku arep mulih marang omahé kalawan anggawa kabegdjan.
10. Sadulurmu wis ngalih panggonan, sabab olèh kabegdjan gedé.
11. Kena nikahan karo wong iku, sabab migunani banget sadjroning omah-omah.
12. Betjik memitran karo dèwèké, sabab wong iku betjik sarta pinter.

Wangsulan o o o o
 o — o o
 o o o o

1. Ora gampang slameté sadjroning salaki-rabi, sabab arang sakaro-karoné tunggal atiné.
2. Apa gunané andjaluk anak, kang ing tembéne nemu tjilaka mati.
3. Luwih saka sapuluh wong kang asih-tresna marang dèwèké, mulané ora gampang dadi laki/rabi-mu.
4. Wong iku saiki asih-tresna satitik marang kowé, nanging luwih disik asih-tresna marang wong lijané.
5. Andulu lintang pangarep-arepmu isih suwé lagi bisa kasembadan.
6. Dadi pepisahan awit saka gunemé sanak-sadulur kang panas atiné marang kowé.
7. Wong kang arep kok-opèni iku wis réka-réka asih-tresna marang wong akèh.

8. Wong-tuwamu saiki bingung saka susahé.
9. Anakmu kang ana ing lija nagara disengiti marang wong akèh, mulané prajoga awèh weruh marang dèwèké supaja ngati-ati.
10. Sadulurmu lagi kena prakara, mengko olèh warta dèwèké ndjaluk tulung marang kowé.
11. Wong iku betjik sadjroning omah-omah, nanging seneng luwih saka sidji laki/rabi-né.
12. Manawa kowé bisa ngati-ati, kena njoba, nanging durung mesti dadi slamet.

Wangsulan 0 0 0 0
 0 0 — 0 0
 0 0 0 0

1. Akèh slameté sadjroning salaki-rabi, lan ing tembé tuwané akèh senengé sarta kabegdjané.
2. Duwé anak akèh kalawan slamet, lan anak-anak iku ing tembé akèh kabegdjané kalawan redjeki.
3. Kang Maha Kuwasa wis anamtokaké marang wong iku bakal dadi laki/rabi-mu.
4. Wong iku asih-tresna banget marang kowé, lan salawasé dèwèké ora bakal anggagas marang wong lijané.
5. Andulu lintang redjeki, pangarep-arep iku sawatara dina bisa kasembadan kalawan slamet ing wusanané.
6. Ora dadi pepisahan, lan wong iku salawasé urip dadi laki/rabi-mu kalawan slamet.
7. Selir kang arep diopèni iku betjik atiné, prajoga diopèni, sabab ing tembé bakal dadi bodjomu.
8. Wong-tuwamu slamet, lan ora kurang sawidji apa, kadjaba mung susah atiné sabab kowé ana ing lija nagara.
9. Anak iku saiki slamet, lan redjeki ngadang marang dèwèké.
10. Sadulurmu saiki sugih, lan wis lali marang nagarané déwé, awit saka senengé, mung sok isih kèlingan marang kowé.
11. Wong iku betjik kalakuwané, lan slamet anggoné omah-omah.
12. Sanadyan wong iku wataké meneng, hatiné betjik lan pikiré slamet, mulané prajoga memitran karo dèwèké.

Tamat Ramal Salaki - Rabi

SASTRA WRAKSAKA IJA ANGKA KALANG

Ing ngisor iki diarani Sastra Wraksaka, ija uga diarani Angka Kalang, ija iku sastra kanggo panengeraning saka guru papat, uruté ingandaraké sawidji - widji.



Diarani sastra Bjabja,
dumunungé ing lor - wétan.



Diarani sastra Nirwitri,
dumunungé ing kidul - kulon.



Diarani sastra Ganéja,
dumunungé ing kidul - wétan.



Diarani sastra Narasunja,
dumunungé ing lor - kulon.

Déné tulisan mau kena katjorèk garit saha warna, kasijaté dadi tetulaking samubarang, angedohaké bantjana tuwin guna wisa.



UNIVERSITAS SANATA DHARMA
PERPUSTAKAAN
JALAN TERBOLO POST TEL (0274) 3806-5352-5774
YOGYAKARTA 55002

NO. INV : 1946/ PSD 2/V/06

T. NGGAL : 24-5'96